ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№157 (21.815) ● 2010 гъэм шыщхьэIум (августым) и 24, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

УФ-м и Президентым Къанокъуэ Арсен и кандидатурэр къегъэлъэгъуэ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и лIыIуэ (законхэр кьыдэзыгъэкI), гъэзэщIакIуэ органхэр кьызэгъэпэщынымкIэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я IуэхуэкIэ» 1999 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м кьащта Федеральнэ закон №184-ФЗ-м и 18 статьям, «Политикэ партхэм я IуэхуэкIэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м кьащта Федеральнэ закон №95-ФЗ-м и 261 статьям япкI иткIэ, Урысей Федерацэм и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и полномочиехэр сытыми тезхуэзу хэпльэн папщIэ КъБР-м и Парламентым кьыщыхилъхьащ Къанокъуэ Арсен и кандидатурэр.

Фигу кьэдгъэкIыжынщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIым и кьудыкъум ягъэувын папщIэ «Урысей зэкъуэт партым» УФ-м и Президентым быщхьэIум и 16-м иджыпсту республикэм и Унафэщ Къанокъуэ Арсен, КъБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэ Меркулов Александр, КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар сыми зэрыт спискэр хуигъэхьауэ зэрыщытар.

Къанокъуэ Арсен Башир и кьуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шыпхьэлэ къуажэм 1957 гъэм мазаем и 22-м кьыщалъхуащ. Абы 1981 гъэм кьиухащ ЦIыхубэ хозяйствэмкIэ Плеханов Г.В. и цIэр зезыхьэ институтыр Москва кьалэм дэтым и сату-экономикэ факультетыр. 1981 - 1983 гъэхэм дзэм кьулыкъу щищIащ. 1987 гъэм Москва кьалэм кьыщызэригъэпэщащ «Кодекс» сату кооперативыр.

1991 гъэм Къанокъуэ Арсен кьызэIуихащ сатум, банк Iуэхум, инвестицIэ Iэнатlэм, ухуэныгъэм елэжь «Синдика» холдинг компаниер.

1996 гъэм щегъэжьауэ 1998 гъэм нэсыху «Центро-Кредит» АКБ» акционер обществ зэхуэщIам и акционеру щытащ икIи директорхэм я советым хэтащ. 1998 - 2003 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэ УФ-м и Президентым и деж зэпымыууэ щыIэм и кьуэдзэуу лэжьащ.

2003 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм Къанокъуэ Арсен ЛДПР-м и федеральнэ спискэмкIэ хахащ УФ-м и Къэрал Думэм и еплIанэ зэхуэсыгъуэм и депутату. Зы ильэс дэкIауэ «Урысей зэкъуэтым» и фракцэм хыхьащ. «Урысей зэкъуэт» партым и Инцэ зэрыгъэуIу советым и зэгъэуIуакIуэм и кьуэдзэу, Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэу щытащ, Къэрал Думэм Кавказ Ищхьэрэм и IуэхуэхмкIэ и къэрал комиссэм хэтащ.

Ди республикэм Къанокъуэ Арсен кьыщалIыхуащ псапащIэу, социальнэ, щэнхабзэ проектхэмрэ программхэмрэ хэлъэжьыхьу зэрыщытымкIэ. Кьащтэмэ, абы и ахъшэкIэ Налшык и мэжджыт нэхьыщхьэр ящIащ, православнэ члисэр мыгувэу яухынущ. Апхуэдэу ди республикэр Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 450-рэ зэрыригъуэ теухуа гуфIэгъуэм ирихьэлIэу 2007 гъэм абы Мемориальнэ куэбжэ Налшык дригъэщIыкащ. «Спартак-Налшык» футбол командэм текIуадэ ахьшэри и нэхьыбапIэкIэ кьызэрыгъэпэщыр Къанокъуэ Арсенщ.

Къанокъуэ Арсен Башир и кьуэр 2005 гъэм фокIадэм и 28-м льандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентщ.

Къанокъуэ Арсен «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхьыщхьэм хэтщ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктorщ, Экономикэ щIэныгъэхэмрэ хьэрычэт лэжьыгъэмкIэ академием и действительнэ членщ, Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ академием и действительнэ членщ, щIэныгъэ тхьилъхэмрэ статья щхьэхуэхэмрэ и Iэдакьэ кьыщIэкIащ. 1998 гъэм абы Урысейм сакьылэт кредитхэр зэрыщыIэтеувам теухуа кандидат диссертацэр, 2001 гъэм экономикэм зыщихьэж лъэхъэнэм хозяйствэм и Iэнатlэмрэ социальнэ лэжьыгъэмрэ кьаухам зэриунэтI щIыкIэмкIэ доктор диссертацэр пхигъэкIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щlыхь тхылъыр кьратащ. 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м УФ-м и Президент Путин Владимир Зэныбжьэгъуэгъэ орденыр Къанокъуэ Арсен Кремлым кьыщритащ. КъБР-м и Президентым 2008 гъэм кьыхуагъэфащащ «Мамырыгъэм и Урысей фондэ» дунейпсо жылагъуэ фондым и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - «Мамырыгъэр гъэбыдэнымрэ псапащIэ Iуэхуэхмрэ зэрыхьэлэжьыхьым папщIэ» дыщэ медалыр. Къанокъуэ Арсен «РБК» урысей хьыбарегъащIэ агентствэм кьызэригъэпэщауэ гъэ къэс ят «Илъэсым и цIыху» саугъэтыр 2009 гъэм кьратащ, апхуэдэу «Хэкум и щIыхь» орденыр кьыхуагъэфэщащ.



Тхьэкlушынэм ухуэныгъэхэр щlеплъыкI

АДЫГЕЙ **Къэпщытэныгъэхэр щрагъэжьэкIуэм президент Тхьэкlушынэ Аслъэнджерий щыIащ республикэ стадионыр, псы есыпIэр, шахмат павильоныр щаухуэ щыпIэхэм.**

ПРЕЗИДЕНТымКъэпплъыхьащ «ЗэныбжьэгъуитI» футбол клубымрэ Адыгейм Футболымкlэ и федерацэмрэ папщIэ трибунэ щIагъ пашхэр зыхуей зэрыхуагъазэр. Метр зэбгъуэнатIэ 800 яубыдынущ судыщIэхэм я хэщIапIэхэм, зыгъэпскIыпIэхэм, зыщаухуапэ, джэгуф зэрекIуэкIым щыкIэльыплъыкъ пэшхэм.

- ХуэкIуэхэм дагъуэнщэу икIи ягъуэва пIалъэм кьитIасэу лэжьыгъэшхуэ зэфIахащ. Си фIэщ мэхъу иджырей зэманым кьэзэгъ спорт ухуэныгъэхэм пэжьэн щIадзэмэ, гъащIэ узынщэм и хэкIыпIэ спортымрэ физкультурэмрэ диныжхэр нэхъыбэ зэрыхъунур, - жиIащ Тхьэкlушынэм.

Адыгейм зеужь

Урысей Правительствэм и Унафэщl Путин Владимир Адыгейр социально-экономикэ я лъэныкъуэкIэ зэпIэзэрыту зыужьыр щIыналъэм пхигъэхьащ.

А ХЪЬБАРгуапэр УФ-м и Правительствэм и Президиумым и зэIущIэм щыжиIащ Путин Владимир. УнафэщIым кьызэрыхигъэщамкIэ, сыт щыгъуи пэрытхэм щIыналъэ зыбжанэ зыхьасыжащ. Иужьрей илъэситIым экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ зыщIыужьа, иджырей IуэхуэныгъэхэщIэхэр хэзыпщащэм я гъунапкъэм щыщIащ Адыгейр, Воронеж областыр, Пермь крайр, нэгъэущIэхэри.

Жьапщэшхуэм и зэранкIэ

АБХЪАЗ. ***Щlэбэт кIуам и жэщым республикэм жьапщэшхуэ щыIащ. Ар зэрекIуэкIа зы сыхьэтым къриубыдэу унащхьэхэр тричащ. электрокъэуэ зэрыкIуэ кIапсэхэр зэпиудащ. Псом хуэмыдэу абы и зэран екIащ Сыхъум.***

А БХЪАЗЫМ и премьер-министр Шамбэ Сергей зэрыжиIамкIэ, жьышхуэм жьгъэр ириудащ, зи унащхьэ трихахэм ящыщщ Сыхъум щIакхъуэ заводыр. Уэздыгъэ зимыIэу кьэнахэри куэдщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●Шэрэдж куей

УнэщIэхэм мэIэпхъуэж

«2012 гъэ пщIондэ кьуажэкэм социальнэу зэрызаужьыныр» федеральнэ программэ хэхам зэрыщыубзыхуам тету, мы гъэм и япэ мазихьм Шэрэдж муниципальнэ районым щыщ унагъуи 8-м я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуащ.

МЕТР зэбгъуэнатIэ 564-рэ хъу псэупIэу сом мелуани 5-рэ мини 132-рэ и уасэ кьащтэхуащ. ЩIыпIэ администрацэм фIыщIэ хуащIу, иджыпсту анэр унэщIэхэм мэIэпхъуэж.

ПСори зэхэту нэгъабэ а Iуэхум сом мелуани 6-м щIигъу хухахати, цIыху 19-м псэупIэу метр зэбгъуэнатIэ 882-рэ кьащэхуащ. Абыхэм ящыщу 11-р узынщагъэр хъумэнкIи, егъэджэныгъэм, агропромышленнэ комплексым я Iэнатlэхэм я Iэщlагъэлъ щIалэхэщ.

БОЗИЙ Залинэ.

Мэджыдж кьухахрэ?

Нью-Йорк чэщанэ зэтIолъхуэныкъуэхэр яцэм здэщытам дежи иджы щаухуэну я мурадщ кьат 13-у зэтет, доллар мелуани 100 и уасэ уиз.

А щIыпIэм щаухуэну загъэхъэзыр мэжджыти. А Iуэхур даIыгъыу, цIыху 250-рэ хуэдизым пэкIу ирагъэкIуэкIащ.

Мэжджытыр ухуэным и телъхъэхэм нэхъ р э Iуэхум и бийуэ зэхуэсахэр тIукIэ нэхъыбэт. Ауэ мэжджытыр ухуэн хуейуэ иукъуэдиящ Нью-Йорк и Iэтащхьэ Блумберг Майкл:

- Сыт хуэдэ динри пIыгъыну узэрыхуитыр - ар Америкэм и лъабжьэ нэхьыщхьэхэм ящыщ зыщ, - жиIащ абы.

Къэхъуар жимыIэу

Ираным и властым Тегеран щызэхуищIащ «Ориф-лейм» косметикэ компанием и лэжьакIуи 3-р я чэнджэщакIуи 2-р ирибыдащ.

Iуэхущ Iапl эм и финанс унафэщI Бэннэт Габриэль зэрыжиIамкIэ, ягубдам щыщу зыр Швециемщ, Тегеран щопсэу, абы щыIэ унафэщIхэм я зыхэзащ.

А псор къызыхэкIам и щхьэусыгъуэм зэкIэ зыри щыгъуазэкъым, Ираным и унафэщIэхэм Iуэхур зыIутыр кьаIуэтэну епIэщIэ-кIыркым.

НОБЭ

♦ **Украинэм и къэрал гуфIэгъуэщ** - 1991 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦ Илъэс 20 ипэ Таджик ССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и 2-нэ сессием кьыщтащ республикэм и къэрал суверинитетым и декларацэр.

♦ ЩIыщыIэм и 24 - 27-хэм Мехикэ щекIуэкIынущ ООН-м игъэуба Дунейпсо щIалэгъуалэ конференц.

♦ 1830 гъэм дунейм екIужащ Къэбэрдей пщы уэлий хахуэ **Жанхъуэт Кушыкъ**.

♦ 1943 гъэм **Кьардэн Къуатгий** Совет Союзым и лIыхъужь цIэ лъапIэр кьыфIащащ.

Iэмэпсымэхэр зыхьхьэзырыр **ГЪУЩIО 3 арифм.**

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Лъэрымыхъ и Iыхьэ хокIуадэ.

IуэхугъуитIми хуопабгъэ

Республикэм и районхэм зыхуагъэхьэзыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъэмрэ ЩIэныгъэм и махуэмрэ зэгъусэу фокIадэм и 1-м зэрагъэлъэпIэнущ.

МАЙ КУЕЙ администрацэм щэнхабзэмкIэ и щIэныгъэм хъыбар кьызэридигъэщIамкIэ, гъэ ещанэгъуэщIэр зэрыщIидзэм и щIыхьэтэ я курыт едж а пIэхэм кьыщцеуэну япэ ущIидзэнэ макъхэм я гъжьбэ ЩIэныгъэм и махуэм теухуа дерсхэр щатынущ. Абыхэм егъэджакIуэхэр щытепсэлъыхьынущ щIэныгъэм зэрызыужьыжьымрэ щIэблэ узынщэ диIэным теухуауэ къэралым щтэмэ, «Кавказ Ищхьэрэм и щыналъэхэм электрокъэрур ятезыгуашэ компание» ОАО-м и республикэ кьудамэм сом мелуани 121,6-рэ и уасэ ремонт лэжьыгъэ зэфIигъэкIащ. Подстанц зэмылIэужьыгъуэу 178-рэ, тох кIапсэу километр 247,5-рэ ззрагъэпэщыжащ, пкъо 437-рэ яхъуэжащ. Транспорт зэхуэмыдэу 230-рэ яIэщи, псори лэжьыгъэм хуэгъэпсащ, щIыпIэ гугъуэхэм зэрыщызекIуэхэм хуэдэу 13 кьащэхунущ.

- «Къэббалькъгаз» ОАО-м и Iуэхущ Iапl эхэр бжьыхьэщIыщмахуэ лъэхъэнэм процент 70-кIэ хуэхьэзырщ. Автотранспортрэ нэгъуэщI техникэу 100-м щIигъу, газ гуэщыпIэ зэмылIэужьыгъуэу 26-рэ, ар зэрагъэбыдэу 6, станцэхэм я щытыкIэм зэрыкIэлъыпIэ, токыр щIым зэрыхашэ Iэмэпсымэу яIэр зэрагъэпэщыжащ, нэгъуэщI кьалэн куэди зэфIахащ. А Iуэхуэм мы гъэм сом мелуани 46,9-рэ хуэхащ.

- Хуабэкlэ кьызэзыгъэпэщ Iэнатlэхэм зэфIагъэкIахэр кьызэральытэ хабзэмрэ зэлэжьын хуейуэ КъБР-м и Правительствэм нубзыкъуэхэмрэ тету, псэуалъэ псори хьэзыр зыщIащмкIэ тхьилъхэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Iэщlэдзыжьын хуейщ. Мы зэхьыхэм хуэзэу ди министерствэм аэр процент 77-м ирагъэзащIащ, - кьыхигъэщащ кьэпсэлъам.

Кьыхалъхьа Iуэхум я Iэнатlэхэр зэрехьулIэм техуауэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, узынщагъэр хьыМэнымкIэ министрым и кьуэдзэ **Гаевэ Аденэ**, «Къэббалькъгаз» ОАО-м и инженер нэхъыщхьэ **КIуэкIуэ Малил**, Налшык кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм я япэ кьуэдзэ **Сорокин Виктор**, Урысейм техникэ кIэльыпIэныныгъэмкIэ и кьудыкъущIапIэм и Кавказ Курыт управленэм и унафэщIым и кьалэнэжр зыгъэзащIэ **КIэрашэ Леонид**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралпсэупl э инспекцэм и Iэтащхьэ **Къэжэр Нажмудин** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхьыхьэм щыжиIаэр зэхальхьэжа нэужь, республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iым и кьуэдзэ Уянаев Казым мы зэман гъунэгъум нэхъыщхьэу кьапэщытхэр игъэбелджылащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Май куей

рэ ди республикэмрэ зэкъуэту ирагъэкIуэкI Iуэху щхьэпэхэмрэ. КъБР-м и Къэралыгъэм и махуэм ирихьэлIэу Май кьалэн щекIуэкIынущ районпсо спорт зэхьэзэхуэхэр, цIыху Iэщlэлъапlщ Iэхэм я Iэдакъэщ Iэкl нэхъыдIэхэр щагъэльэгъуэну выставкэхэр.

Апхуэдэу махуэшхуэм къарагъэблагъэщIу икIи ягъэлъэпIэнущ Май щIыналъэр зэрыгушхуэ унагъуэхэр. Абы хэтынущ илъэс 30-кIэ е нэхъыбэкIэ щапхъэ зытрахьэ Iуэхуэ, насыпифIэу зэдэпсэуа зэщхьэгъэзэхэр. Абыхэм я пащхьэ концерт щатынущ районым и артистхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ. ГуфIэгъуэ пэкIум къарагъэблагъэхэм саугъэтхэри иратынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Процент 77-кIэ хуэхьэзырщ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Уянаев Казым щыщхьэIум и 18-м иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятхэмрэ организацэхэмрэ 2010 - 2011 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырынымкIэ республикэ комиссэм и зи чэзу зэIущIэр. Абы щызэпкIрахащ жэуапныгъэшхуэ зыпылъ а Iуэхур республикэм зэрыщекIуэжымрэ нобэ ирихьэлIэу зэфIэгъэкIа хьуахэмрэ.

КъБР-м промышленностымкIэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Кулиев Мустафир** и докладым зэрыщыжиIамкIэ, котельнэу 389-рэ (329-р ЖКХ-м ейщ), хуабэкIэ кьызэзыгъэпэщ пункт нэхъыщхьэу 49-рэ, хуабэ зэбгрыщIпIэу 412-рэ мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщыгъэсэбэп. Абыхэм я Iэмэпсымэхэмрэ инженер инфраструктурэхэмрэ я процент 59-м я пIалъэр иклащ. Иджыпсту ахэр зэрагъэпэщыжьыр, гидравликэ гъэуанэхуныгъэм пэмылъэщ хуабэ кIуапIэхэр зэрахьэжьыр. Абыхэм я Iэмэпсымэхэмрэ инженер инфраструктурэхэмрэ я процент 59-м я пIалъэр иклащ. Иджыпсту ахэр зэрагъэпэщыжьыр, гидравликэ гъэуанэхуныгъэм пэмылъэщ хуабэ кIуапIэхэр зэрахьэжьыр. Республикэр псыкIэ мыIейуэ къызэрагъэпэщ, ар щызэпсыу щыIэмэ, унагъуэхэм я хадэхэм эзэпмыууэ зэрыщIагъэхьэм къыхокI.

Лэжьыгъэхэм зэрыщIадзэрэ котельнэу 331-рэ, хуабэ гуэшыпIэу километр 469,6-рэ, псы кIуапIэу километр 3432-рэ бжьыхьэщIымахуэ лъэхъэнэм хуагъэхьэзыращ. «2009 - 2013 гъэхэм КъБР-м электроэнергетикэрэ кьаурым кьызэрыдагъахуэмрэ зэрызыщIащмкIэнур» республикэ программэ хэхам ипкъ иткIэ, мы ильэсым а Iуэхуэхэм сом мелуани 9,1-рэ хуэхахати, мелуани 4,4-р кьагъэсэбэтащ, псори зэхэту абыкIэ хуабэ энергиеу яIэрыхьэр зыхуэдизыр кьызэралытэ Iэмэпсымэу 82-рэ ягъэувынущ. Кьэпсэлъам кьызэзыригъэлъэпIуамкIэ, 2008 гъэм лифт 34-рэ, нэгъабэ 14 зэрахьэхIащ, мы ильэсыр икIыу 52-рэ яхъуэжынущ, 2 зэрагъэпэщыжынущ.

- «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм щекIуэкI реформэр дэзыгъэныкIэ фонд» кьэрал корпорацэм кьыбгъэдэкIыу 2008 - 2011 гъэхэм псори зэхэту ди республикэм сом зы мелардрэ мелуани 243-рэ мини 353-рэ кьыIэрыхьэнущ. 2008 гъэм Налшык кьалэм, Зольдэ и поселкэм, Майр, Аруан, Прохладнэ, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районхэм фэтэр куэд хъу унэу 118-рэ кьызыхэутынщэу щызэрагъэпэщыжащ, цIыху мин 17-м щигъум я щIэныгъэм, «Кавказ Ищхьэрэм и щыналъэхэм электрокъэрур ятезыгуашэ компание» ОАО-м и республикэ кьудамэм сом мелуани 121,6-рэ и уасэ ремонт лэжьыгъэ зэфIигъэкIащ. Подстанц зэмылIэужьыгъуэу 178-рэ, тох кIапсэу километр 247,5-рэ ззрагъэпэщыжащ, пкъо 437-рэ яхъуэжащ. Транспорт зэхуэмыдэу 230-рэ яIэщи, псори лэжьыгъэм хуэгъэпсащ, щIыпIэ гугъуэхэм зэрыщызекIуэхэм хуэдэу 13 кьащэхунущ.

- «Къэббалькъгаз» ОАО-м и Iуэхущ Iапl эхэр бжьыхьэщIымахуэ лъэхъэнэм процент 70-кIэ хуэхьэзырщ. Автотранспортрэ нэгъуэщI техникэу 100-м щIигъу, газ гуэшыпIэ зэмылIэужьыгъуэу 26-рэ, ар зэрагъэбыдэу 6, станцэхэм я щытыкIэм зэрыкIэлъыпIэ, токыр щIым зэрыхашэ Iэмэпсымэу яIэр зэрагъэпэщыжащ, нэгъуэщI кьалэн куэди зэфIахащ. А Iуэхуэм мы гъэм сом мелуани 46,9-рэ хуэхащ.

- Хуабэкlэ кьызэзыгъэпэщ Iэнатlэхэм зэфIагъэкIахэр кьызэралытэ хабзэмрэ зэлэжьын хуейуэ КъБР-м и Правительствэм нубзыкъуэхэмрэ тету, псэуалъэ псори хьэзыр зыщIащмкIэ тхьилъхэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Iэщlэдзыжьын хуейщ. Мы зэхьыхэм хуэзэу ди министерствэм аэр процент 77-м ирагъэзащIащ, - кьыхигъэщащ кьэпсэлъам.

Кьыхалъхьа Iуэхум я Iэнатlэхэр зэрехьулIэм техуауэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, узынщагъэр хьыМэнымкIэ министрым и кьуэдзэ **Гаевэ Аденэ**, «Къэббалькъгаз» ОАО-м и инженер нэхъыщхьэ **КIуэкIуэ Малил**, Налшык кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм я япэ кьуэдзэ **Сорокин Виктор**, Урысейм техникэ кIэльыпIэныныгъэмкIэ и кьудыкъущIапIэм и Кавказ Курыт управленэм и унафэщIым и кьалэнэжр зыгъэзащIэ **КIэрашэ Леонид**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралпсэупl э инспекцэм и Iэтащхьэ **Къэжэр Нажмудин** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхьыхьэм щыжиIаэр зэхальхьэжа нэужь, республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Уянаев Казым мы зэман гъунэгъум нэхъыщхьэу кьапэщытхэр игъэбелджылащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Зэ1ущIэхэр

Япэ Ныбжьыщlэ Олимп Джэгухэм я чемпионкэ Кучинэ Марие

Синганур щекIуэкI Япэ Ныбжьыщlэ Олимп Джэгухэм щыщхьэIум и 22-м атлетикэ щIэныгъэмкIэ дыщэ медалыр кьыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэхъэ Прохладнэ кьалэм щыщ Кучинэ Марие. Абы кьыкIэльокIуэ Италиемрэ Польшэмрэ я лIыкIуэхэр.

ИЛЪЭСИПЩI ныбжьым ипту япэ дыдэу атлетикэ псынщIэмкIэ зыгъэсэн щIэныдза Кучинэр иджыри кьыздэсым долажьэ тренер цIэрыIуэ Габриелян Геннадий.

Лъагэу дэлъеинмкIэ зэпеуэм и ивужьрей бгъэдыхьэгъуэм Кучинэм кьызэринэкIащ сантиметри 189-рэ. Ар абы и щхьэзакъуэ рекордым нэхър сантиметрикIэ нэхъ мащIэщ. «ЗыкъызэрызгъэлъэпIуэхуамкIэ сыарэзыкъым, - жеIэ Марие, - си рекордым сефIэкIыфакъыми, ауэ ягъэ увыпIэр кьызэрызхьам срогуфIэ».

Кучинэ Марие щоджэ Волгоград дэт Физическэ культурэмрэ спортымкIэ институтым. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым щыщIэдзауэ ар гуп нэхъыжьхэм яхьыхьэнущ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым адэкIэ зыщиужьыну Iэмал зэрыщимыIэм кьыхэкIкIэ дяпэкI Кучинэ Марие Волгоград зыщригъэсэнущ. Чемпионкэм зэрыжиIэмкIэ, абы ар зыхуей-зыхуэфI псомкIи кьызэрыгъэпэща щыхьэнущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Хъыбар гуапэ

● ЩIДАА

Лъэпкъ Iуэхум топсэлъыхь

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и зи чэзу илъэс зэIущIэр щыщхьэIум и 21-м Адыгэ Республикэм щызэхэтащ. Ар щекIуэкIащ Мецыкъуэкъ кьаIэм дэт къэрал университетым иджырей мардэхэм тету кьызэрагъэпэща и библиотекэм и унэм. ЗэIущIэм хэтащ Адыгэ Академием и щIэныгъэ кьудамэхэу хэгъуэгу зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэхэм къикIа гупхэр.

ЩIДАА-м и зи чэзу зэхуэсыщхьэу къызэIуихащ абы и президент **Нэхущ Iэдэм.** Абы къызэхуэсахэм фIэхъус ярихри, адэкIэ я гъэжьагъэр зэрекIуэкIынум щигъэгъуэзащ. Апхуэдэу Адыгэ Республикэм и унафэщIхэм кьабгъэдэкIыу ЩIДАА-м и академикхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ икIи лэжьыгъэ купщIафIэ зэфIахыну ехьэхуащ АР-м и премьер-министрым и кьуэдзэ **Петрусенкэ Алексей.**

Адыгэ Академием и лэжьыгъэмрэ зыIууэ лъэпощхьэпохэмрэ кьигъэльагъуэу кьэпсэльащ ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ **Тхьэзэпlтъ Хьэсэн.** Абы и гугъу ищIащ академием хэтхэм ильэсым кьриубыдэу зэфIаха Iуэхугъуэхэм, щIэныгъэ конференцу ирагъэкIуэкIаэм, аIа ехьуIэныгъэхэм, апхуэдэу адэкIи я мурадхэр кьыхихигъэщащ.

Мыпхьу и лъэныкъуэкIэ ЩIДАА-м иIэ хэхъуэр кьыздэкIым, ар зытекIуадэм теухуауэ кьэпсэльащ бухгалтер нэхъыщхьэ **Едгъуэл Мурат.** Адыгэ Академием и Уставым и комиссэм и лэжьыгъэр зэрекIуэкIым кьытеувыIащ ЩIДАА-м и член-корреспондент **Мысрокъуэ Замир.** «Шэрджэсхэр» справочникым теухуауэ зэфIагъэкIахэм тепсэлъыхьащ академием и член-корреспондент **Хъуэткъуэ Самир.** ЩIДАА-м вице-президент, къэзыбгъ гупым и пашэ **Хьэфыщlэ Мухьэмэд** кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ академием хагъэхьа щыху 23-м я щIэ-унэщIэхэм.

Еджагъэшхуэхэм я зэхьыхьэ иным и етIуанэ Iыхьэр щIэныгъэ-практикэ конференц жыпхъэм ипту екIуэкIащ. Ар теухуат адыгэ тхыдэмрэ филологиемрэ уэзыщIрихьэлIэ гупуекъэм, абы хэкIыпIэ кьызэрыкъуэгъуэтыпхъэм. Абы и лъэныкъуэкIэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ ЩIДАА-м и академикхэу **Бырсыр Батырбий, Мамий Руслан, Хъуэкlуэ Фатlимэ** сымэ, нэгъэущIэхэри.

ХЬЭТУ Барэсбий.

● Егъэджэныгъэ

Абы хуопIащIэ псори

2010 - 2011 гъэ егъэгъуэщIэм щIдзэным кьэнэжар махуэ бжьыгъэщ. Абы хуопIащIэ егъэджакIуэхэри, еджакIуэ щыкIуэхэри, адэ-анэхэри.

ДАУЭ ирихьэлIэжьыну пIэрэ еджапIэ Iэнатlэхэр гъэ еджэгъуэщIэм? Сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьэзыру пIэрэ ахэр кьапэщыIа лъэхъэнэм? А Iуэхуэхэр зэхигъэкIыныр и пщэрыльу КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм кьыхилъхьащ еплIыныгъэ-зэпеуэ. Абы папщIэ комиссэ хэхаи кьыздэгъэзэпэщащ.

ЕплIыныгъэ-зэпеуэр Iыхьитlу зэщхьэщыхуэу йокIуэкI. Япэ щыкIэ ахэр щекIуэкIынущ куейхэм. Абыхэм папщIэ щыхьэ школ нэхъыбэ кьыхэкIа ягъэбелджылынущ.

А республикэпсо зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ, щколхэм кьагъэльэгъуэн хуейщ 2010 - 2011 гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуэхьэзыр лъэныкъуэ псори: щколым и еджапIэ пэшхэр, нэгъуэщI Iэнатlэхэм я зэпэщагъыр, а лъэныкъуэм къриубыдэу егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм хальхьэну IуэхугъуэщIэхэр, нэхъыбэу зызрагъэужьыну унэтIыныгъэхэр.

Зэпеуэм щытекIуэ щколхэм я цIэ кьыщрагъэужьнущ егъэджакIуэхэм я республикэпсо зэхуэсу щыщхьэIум и 27-м Налшык щызэхэтынум. Абыхэм ираты нущ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм кьыбгъэдэкI щыхь, фIыщIэ тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр, тыгъэ льапIэхэр.

КIУЖ Иннэ.

«2009 - 2013 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм электроэнергетикэм зыщегъэужьынымрэ энергиер щызэгъэзэхуэнымрэ» республикэ программэ хэхам, 2009 гъэм шыщхьэIум и 17-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №233-ПП-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м №161-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«2009 - 2013 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм электроэнергетикэм зыщегъэужьынымрэ энергиер щызэгъэзэхуэнымрэ» республикэ программэ хэхам, 2009 гъэм шыщхьэIум и 17-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №233-ПП-мкIэ къищтам, халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэщтэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щыщ щIы Iыхьэхэр пщIэншэу Шэрэдж муниципальнэ районым и муниципальнэ мылъкум хэгъэхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм шыщхьэIум и 11-м №168-ПП

Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм зыкъызэрыхуигъэзар къилъытауэ, Урысей Федерацэм и ЩIы кодексым и 19-нэ статьям и пункт 3-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIы кодексым и 11 статьям и пункт 3-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1.Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хыхьэ щIы Iыхьэу псори зэхэту гектар 635, 05-рэ хъухэр пщIэншэу Шэрэдж муниципальнэ районым и муниципальнэ мылъкум хэгъэхьэн мы Унафэм и гуэдзэным къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу тегуэшауэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIы IуэхухэмкIэ и министерствэм (Сэхъу М. И.) хуэгъэувын мы Унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щIы Iыхьэхэр Шэрэдж муниципальнэ районым и муниципальнэ мылъкум хэгъэхьэным пыщIа юридическэ Iуэхухэр щыIэ хабзэхэм тету зэфIигъэкIыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIы IуэхухэмкIэ и министр Сэхъу М. И.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м къыдигъэкIа Унафэ №50-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм шыщхьэIум и 13-м №170-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«Къэралым теухуа сыхьэт» хъыбарегъащIэ-щIэнгъуазэ проектыр гъэзэщIэнымкIэ комплекс планым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м къыдигъэкIа Унафэ №50-ПП-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн икIи абы и «ЩагъэзэщIэну пIалъэр (2010 гъэ)» Iыхьэм и псалъащхьэм хэт «(2010 гъэ)» псалъэхэр хэгъэкIын, апхуэдэу пунктхэу 1-4-хэм хэт «гъатхэпэ - мэкъуауэгъуэ» псалъэхэр «2011 гъэм мэкъуауэгъуэм нэсыху» жиIэу зэхъуэкIын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МЕРКУЛОВ Александр

«2011 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэупIэ-коммунальнэ комплексым и IэнатIэм реформэ щегъэкIуэкIынымрэ ар къэгъэщIэрэщIэжынымрэ» республикэ программэ хэхам и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм шыщхьэIум и 13-м №172-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. «2011 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэупIэ-коммунальнэ комплексым и IэнатIэм реформэ щегъэкIуэкIынымрэ ар къэгъэщIэрэщIэжынымрэ» республикэ программэ хэхар къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм (Бышэн А. А.) хуэгъэувын 2011 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм я проектхэр щызэхилъхьэкIэ «2011 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэупIэ-коммунальнэ комплексым и IэнатIэм реформэ щегъэкIуэкIынымрэ ар къэгъэщIэрэщIэжынымрэ» республикэ программэ хэхар гъэзэщIэным текIуэдэну ахъшэр къилъытэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МЕРКУЛОВ Александр

● Япэ итахэр

Адыгэ усакIуэ щIалэхэм я зэIущIэ. *СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* Гъубжокъуэ Лиуан, Къэжэр Пётр, Мысачэ Пётр, Жаным Борис, Тхьэгъэзит Зубер, Брай Адэлбий. *Налшык, 1960 гъэ*

ФIым щIэупщIэ иIэщ

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм хъыбар къызэрыдигъащIэмкIэ, Налшык дэт гъэш комбинатым кърашалIэ шэм щелэжь цехыщIэ къызэрызэIуихам и фIыгъэкIэ, республикэм къыщыщIагъэкI гъэшхэкIхэр мыилъэсым тонн мини 120-м нагъэсынущ. Ар тонн мин 80-м нэскIэ нэхъыбэщ илъэс кIуам яхузэфIэкIам нэхърэ.

Цехым метр зэбгъузэнатIэ мини 5 и инагъщ. IэнатIэр иджырей зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэрызэгъэпэщам Iэмал къаритащ нобэм къэс зэлэжьу щыта гъэшым хуэдэ 1,5-кIэ хагъэхъуэну. Къапщтэмэ, цехым и къару псори къигъэсэбэпу лэжьэн щыщIидза 2010 гъэм и щIышылэ-мэлыжьыхь мазэхэм къриубыдэу IуэхущIапIэр елэжьыну хунэсащ шэуэ тонн мин 37-м щIигъум. IуэхущIапIэм апхуэдэу мы илъэсым игъэхьэзыращ фIагъ ин зыбгъэдэлъ кхъуейрэ кхъуейлъалъэ къабзэу тонн 500-м щIигъу.

Комбинатым и гъэшхэкIхэм щIэупщIэшхуэ щиIэщ ди республикэм и мызакъуэу гъунэгъу щIыналъэхэми. Заводым и IэщIагъэлIхэм я мурадщ Iэщышхуэ гъэхъуным зезыта мэкъумэш IуэхущIапIэхэмрэ фермер хозяйствэхэмрэ ядэлэжьэну.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

ЦIыхур зэфэну псыкIэ Псыгуэнсу къуажэр 2011 гъэм ирихьэлIэу нэсу къызэрагъэпэщыну я мурадщ.

КЪУАЖЭ администрацэм и Iэтащхьэ Къанкъул Хьэчим щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мы зэманым ирихьэлIэу Псыгуэнсу и ипщэ хьэблэхэм тхьэусыхафэ яIэжкъым псы къыщIэжыпIэ щIэуэ зэрыщаутIыпщам и фIыгъэкIэ. Жылэм щыщ адрей хьэблэхэм я гугъуехьыр къызыхэкIыр 1961 гъэм яухуауэ щыта псы зэхуэхьэсыпIэр жьы зэрыхъуарщ, къилэжьыпхъэм и Iыхьэ щанэм фIэкIа ар зэрыпэмылъэщыжыфырщ. «Псы зэрыкIуэ жьы хъуа бжьамийхэр зэхъуэкIын» республикэ программэм тету метр 1550-м нэс зэрахъуэкIащ, псы къыхэшыпIэхэр зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ.

Мы зэманым Налшык и «ДСУ» ООО-м и лэжьакIуэхэр иужь йохьэ Псыгуэнсу псым и Iуфэхэм екIуалIэ, сэкъат зыгъуэта бжьамийуэ метр 800 зэрагъэпэщыжыну. КъБР-м ПромышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ- энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ

● Аруан куей

Псыр яхурикъуну пIэрэ?

Аруан куей администрацэмрэ я дэIэпыкъуэгъуу мы гъэм къуажэм кууэ щIэт псыр къыщIэзыш насосхэр лажьэу щаутIыпщащ. Зы сыхьэтым къриубыдэу абы къарет псы кубометр 35-рэ, арщхьэкIэ цIыху мини 6,5-м нэс щыпсэу жылагъуэмкIэ ар мащIэщ. Апхуэдэ щытыкIэр къалъытэри, мы Iуэхум кърашэлIащ геологоразведочнэ гуп. Иджыпсту абыхэм щIыпIэр щIапщытыкI, псы къыщIэшыпIэщIэ къалъыхъуэу. Къызэрагъуэту ар къыщIэшыным ехьэлIа проектыр яубзыхунурэ, лэжьыгъэхэм зэман кIэщIкIэ иужь ихьэнущ. Мы Iуэхур 2011 гъэм зэфIагъэкIыну мэгугъэ, къуажэдэсхэр псы щхьэкIэ щIэтхьэусыхэн щхьэусыгъуи ямыIэжу.

ЛЪОСТЭНМузэ.

Дэтхэнэми - псэупIэ зэпэщ

● Iуэху щхьэпэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм и зэIущIэ Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ министерствэм щызэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ «Урысейм и дэтхэнэ цIыхуми псэупIэ зэпэщ» лъэпкъ проектыр зэрагъэзащIэм, абы ипкъ иткIэ дызэрыт илъэсым и япэ мазихым зэфIагъэкIахэм, 2011 гъэм я къалэнхэм. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ комиссэм и унафэщI **Маслов Николай**.

Япэу псалъэ зрата ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ министрым и къуэдзэ **Кучменов ТIэхьир** я лэжьыгъэм къурикIуахэм зэпкърыхауэ къытеувыIащ, гулъытэ нэхъ зыхуэщIыпхъэ унэтIыныгъэхэр къыхигъэщащ. Абы зэрыжиIамкIэ, цIыхухэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным теухуа лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, блэкIа мазихым псэупIэ метр зэбгъузэнатIэ 81400-рэ ятащ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ ар проценти 103-рэ мэхъу. Апхуэдэуи бадзэуэгъуэм ятащ псэупIэ метр зэбгъузэнатIэ мин 29,4-рэ. 2011-2013 гъэхэм яухуэну я мурадщ еджапIэщIэхэр, узыншагъэм, щэнхабзэм я унэхэр. Министрым и къуэдзэм къызэрыхигъэщамкIэ, федеральнэ мылъкуу къыхуаутIыпщыр нэхъыбэу щытамэ, ухуэныгъэхэми къахэхъуэнут.

Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ министерствэм инвестицэ программэхэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Решетняк Ларисэ** къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ 2006 гъэм къаща псэупIэ лъэпкъ проектыр пхыгъэкIынымкIэ зэфIаххэм, общежитхэм щыпсэухэм я Iуэхухэр егъэфIэкIуэным теухуа проектым. Республикэм общежит 63-рэ щыIэщ, абыхэм ящыщу 49-р Налшык къалэм дэтщ. Ахэр жьы хъуащи, зэбгъэпэщыжыну гугъущ. Псори зэпалъытри, а ухуэныгъэхэм я пIэм, щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьа унэщIэхэр ирагъэувэмэ нэхъ къезэгъыу къалъытащ. Абы и лъэныкъуэкIэ общежитхэм щыпсэу унагъуэхэм хуагъэлъагъуэ псэупIэ унэхэр щаухуэкIэ Iыхьэгъу хъун папщIэ ар зэфIэзыхыну заказчикым зэгурыIуэныгъэ иращIылIэну. Общежитым щыпсэухэм Iэмал ягъуэтынущ банк IуэхущIапIэхэм зыхуагъазэу зэфIагъэувэну унэр и шэсыпIэу ипотекэ кредит къыIахыну икIи а ухуэныгъэм халъхьэну. Унэр яуха нэужь, общежитым щыпсэуам и хуитыныгъэхэр къалъытэри, ар щызэфIагъэува щIыр абы ей мэхъу. Зи гугъу тщIа Iуэхур зытещIыхьар банкым къыIиха щIыхуэр хилъхьэжыфыну хэхъуэ зиIэхэрщ. Лэжьыгъэ IэнатIэ зимыIэ, ауэ лэжьэфыну цIыхухэр унэр зыухуэ IуэхущIапIэхэм я деж щылажьэ хъунущ. Общежитхэм щыпсэу ныкъуэдыкъуэхэм, пенсионерхэм, студентхэм къэралымрэ муниципалитетхэмрэ я мылъку халъхьэфынущ.

Ипотекэ корпорацэм а Iуэхур ипотекэ кредиткIэ зэфIэхыныр къыхелъхьэ. Ауэ ар общежитым щыпсэухэм щахузэфIэкIынур къаща щIыхуэр япшыныжынымкIэ хэхъуэ зэраIэм теухуа дэфтэрхэр, апхуэдэуи япэу халъхьэн хуейм хуэдиз мылъку яIэмэщ. Языныкъуэхэм япэ взносыр халъхьэнымкIэ зыщIагъэкъуэфынущ ипотекэ кредитым КъБР-м зыщегъэужьынымкIэ 2007 - 2010 гъэхэм тещIыхьа проектым ипкъ иткIэ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Амщокъуэ ФатIимэ**гулъытэ хэха хуищIащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, хэкIуэдахэм я унагъуэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным тещIыхьа программэр федеральнэ, республикэ законодательствэм япкъ иткIэ зэрызэфIахым. Метр зэбгъузэнатIэм и уасэ сом 21950-м тещIыхьауэ иджыпсту субсидиер сом 790200-рэ мэхъу. Хэку зауэшхуэм и ветеран 72-м я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуащ, 63-м, къалэ, район администрацэхэр я щIэгъэкъуэну, къезэгъ псэупIэхэр къалъыхъуэ.

Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Кладько Игорь** «Урысейм и дэтхэнэ цIыхуми псэупIэ зэпэщ», «ПсэупIэ 2002 - 2010» проектхэм щытепсэлъыхьым къызэрыхигъэщамкIэ, ахэр и чэзум пхагъэкIыфыркъым бюджетым хухих мылъкур зэрахуримыкъум, цIыхухэм я хэхъуэр зэрымащIэм къыхэкIыу. Налшык къалэм иджыпсту псэупIэ хуэныкъуэу чэзум щытщ унагъуэ 4720-рэ, япэ итхэр 1974 гъэм увахэрщ. Къалэ администрацэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу псэупIэкIэ къызэрагъэпэщын хуей цIыхухэм и нэIэ тригъэтщ. Ахэр Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа аварием и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным хэтахэрщ, Сыбыр гъунэм и куейхэм кърагъэIэпхъукIахэрщ, IэмалыншагъэкIэ къэIэпхъуахэмрэ запасым щыIэ офицерхэмрэщ. Иужьрей илъэситхум чэзум щыт 39-м щыщу сертификатхэр зыIэрыхьар икIи къэзыгъэсэбэпар цIыху 14-щ. Къищынэмыщауэ, къалэ администрацэм гулъытэ хуещI псэупIэ зыIэрагъэхьэнымкIэ къэралыр дэIэпыкъунымкIэ хуитыныгъэ зиIэ унагъуэщIэхэм. Иужьрей илъэситхум субсидиехэр унагъуэ 384-м иратащ. Иджыпсту учетым щытщ унагъуэщIэ 800. Зи гугъу тщIы программэм 2010 гъэм къалэ бюджетым сом мелуани 9 хухихащ.

Чэзум пэмыплъэу псэупIэ зыIэрыхьапхъэщ сабий зеиншэхэр. Апхуэдэхэр иджыпсту 118-рэ мэхъу. 2009 гъэм фэтэрхэр 8-м иратащ, мы гъэм 10-м яIэрыхьэнущ. Къищынэмыщауэ, суд унафэхэм япкъ иткIэ, сабий зеиншэ 60-м я псэупIэ Iуэхухэр ди Правительствэм зэфIихын хуейщ.

Кладько Игорь къызэрыхигъэщамкIэ, псэупIэ хуэныкъуэхэм хэгъэхьапхъэщ жьы хъуа, якъутэн хуейуэ къалъытэ къат куэду зэтет уни 188-м щыпсэу унагъуэ мини 2-м нэблагъэ. 2008 гъэм ЖКХ-м зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтынымкIэ фондым и мылъкукIэ унагъуэ 56-рэ ягъэIэпхъэну я гугъуащ, арщхьэкIэ нэхъыбэр арэзы техъуакъым. Абы хухаха сом мелуан 90-р къат куэду зэтет унэхэр зэгъэпэщыжыным трагъэкIуэдащ. А программэм ипкъ иткIэ, 2009 гъэм фэтэри 120-рэ хъу унэ ХьэтIохъущыкъуей уэрамым, Профсоюзхэм я уэрамым фэтэр 80 зыхэт унэр ухуэн щыщIадзащ. ЯгъэIэпхъуэхэм социальнэ пщалъэм тету псэупIэхэр яIэрыхьэн папщIэ республикэ бюджетым сом мелуани 103-м щIигъу къыхэкIын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ зыхуагъэзащ.

Мылъкур зэрахуримыкъум къыхэкIыу и кIэм нэмыгъэсауэ къэнащ Идарым и уэрамым щаухуэ фэтэри 195-рэ хъу «Насып» МЖК-м и унэр, Ватутиным и уэрамым тет Афганистаным и ветеранхэм я центрым и псэупIэ унэр. Нобэр къыздэсым яухакъым Тэрчокъуэм и уэрамым къыщрагъэжьауэ щыта, чэзум щытхэм я мылъку зыхалъхьа, фэтэр 60 хъу унэр. Гугъуехьхэр куэдщ, псори зэхьэлIэжар мылъкурщ. 1995 гъэ лъандэрэ чэзум щытхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным зы соми хухахакъым.

Урысей Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Бетыгъуэн Залинэ** зэрыжиIамкIэ, Урысей банкым кредиту итар сом меларди 4,6-м щIегъу, абы и зэхуэдитIыр псэупIэ кредитхэрщ. Лъэпкъ проектхэр пхыгъэкIынымкIэ, социальнэ и лъэныкъуэкIэ зызыщIэгъэкъуапхъэ цIыхухэм ядэIэпыкъунымкIэ Кавказ Ищхъэрэ банкыр КъБР-м и властхэм ядолажьэ. «КъБР-м ипотекэ псэупIэ кредитым зыщегъэужьын» проектым ипкъ иткIэ республикэм щыпсэу унагъуэ 450-м 2005, 2007 гъэхэм Урысей Сбербанкым къыбгъэдэкI кредитхэмкIэ псэупIэхэр зыIэрагъэхьащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ ипотекэ корпорацэ» ОАО-м и унафэщI **Рудь Максим** къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ «2007-2010 гъэхэм КъБР-м ипотекэ псэупIэ кредитым зыщегъэужьын» РЦП-р зэрыпхагъэкIым. Илъэсищ хъуауэ корпорацэм федеральнэ пщалъэм тету кредитхэр ет.

Банк лэжьакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, цIыхухэм псэупIэ зыIэрагъэхьэн, ар ирагъэфIэкIуэн папщIэ кредитхэр хуаутIыпщ. Апхуэдэ Iуэхутхьэбзэр къэзыгъэсэбэпхэр нэхъыбэ хъуами, ипэжыпIэкIэ абы хуэныкъуэхэм я дежкIэ гугъуехьхэр щыIэщ. Щхьэусыгъуэр - нэхъыбэм щIыхуэр зэрапшыныжын хэхъуэ зэрамыIэрщ.

«Аттик» фирмэм и проект IуэхущIапIэм и унафэщI **Шпаковский Валерий** зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ Налшык къалэ округым щаухуэну «КъуэкIыпIэ» псэупIэ районыщIэм и проектым. Владикавказ укъикIыу Налшык укъыщыдыхьэ лъэныкъуэмкIэ щызэфIагъэувэну районыщIэм метр зэбгъузэнатIэ зы мелуанрэ мини 133-рэ къэзыубыд псэупIэхэр, курыт еджапIэу 5, сабий садхэр, сабий-ныбжьыщIэ творчествэмкIэ унэ, узыншагъэм, щэнхабзэм я IуэхущIапIэхэр щаухуэнущ. Проектым къызэрыщыгъэлъэгъуам тепщIыхьмэ, ар къалэм и куей нэхъ зэпэщу икIи екIуу щытынущ. Псом я щхьэжыр а Iуэхур пхыгъэкIыным текIуэдэну сом мелард зыбжанэм нэс мылъкур къызыхэкIынурщ. Проектыр мы гъэм и кIэм хьэзыр хъунущ, илъэсипщIым къриубыдэу куеищIэр зэфIагъэувэну я мурадщ.

Апхуэдэуи зэIущIэм щыхэплъащ «Урысей Федерацэм и субъектхэм я Жылагъуэ палатэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр» Федеральнэ законым и концепцэм.

ЗэIущIэм и лэжьыгъэм хэтащ къалэ, район администрацэхэм я лIыкIуэхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Лей зытехьа щыIэкъым

Тырныауз къалэм псэупIэ унэхэр щызэхэт щIыпIэм пэмыжыжьэу Iэмэпсымэ IэрыщI къыщагъэуащ. Яухуэ ретрансляторым ныкъуэсаныгъэ игъуэтащ, лей зытехьа щыIэкъым.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

IУАЩХЬЭМАХУЭ куей ОВД-м и лэжьакIуэхэм къалъыхъуэ вэсэмахуэ пщэдджыжьыр сыхьэти 7-рэ дакъикъи 10-м Тырныауз къалэ щаухуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпание къэрал IуэхущIапIэм и телевышкэм деж IэрыщI Iэмэпсымэ къыщызыгъэуа щIэпхъаджащIэхэр. СВУ-м и лъэщагъыр тротил килограмми 10-м хуокIуэ. Iуэхур зэхэзыгъэкI гупыр къэса нэужь сыхьэт дэкIауэ, сыхьэт механизм, тротил килограмми 2 лъэщагъ зиIэ етIуанэ Iэмэпсымэр къэуащ.

IэщIагъэлIхэм къызэралъытамкIэ, къагъэуам и унэтIыныгъэр гъунэгъуу щыт ухуэныгъэхэм, автобус къэувыIэпIэмрэ ерыскъыхэкI щащэ тыкуэнымкIэ гъэза хъуатэмэ, хэкIуэдаи, зэтекъутэныгъи къишэнкIэ хъунут.

Телевизионнэ Iэмэпсымэхэр зыщIэт будкэ-контейнерым ныкъусаныгъэхэр игъуэтащ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкI компанием къызэрипщытамкIэ, терактым къиша хэщIыныгъэр сом мелуани 3 мэхъу. А ухуэныгъэр и кIэм нагъэсамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм и нэтынхэм зиубгъунут.

Iуащхьэмахуэ куей ОВД-м и деж щыIэ СледствэмкIэ къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ.

КъБР-м и хабзэхъумэ IэнатIэхэм Зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ центр.

ЗэкIэ хуэхьэзыркъым

Иджыблагъэ Налшык щыIэ «Корона» хьэщIэщым щекIуэкIащ «ЦIыхухэм я урысейпсо къыхэтхыкIыныгъэмрэ къэралым и иджырей лъэпкъ политикэр зэтеублэнымрэ» зи фIэщыгъэцIэ «стIол хъурей». Абы хэтащ лъэпкъ политикэм елэжь щIэныгъэлI, эксперт нэхъыфIу ялъытэхэр, республикэм и правительствэм, и ведомствэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Тхьэзэплъыж Мурат. ЗэIущIэм кърихьэлIат Урысейм и Къэрал статистикэм и унафэщI Суринов Александр.

ЗЭХУЭСЫР езыгъэкIуэкIар РАН-м Этнологиемрэ антропологиемкIэ и институтым и унафэщIым и къуэдзэ **Зорин Владимирщ** Абы псори зригъэцIыхуа нэужь, хьэщIэхэм гуапэу захуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ **Тхьэзэплъыж Мурат**.

- МахуитI хъуауэ шэщIауэ долэжь къыхэтхыкIыныгъэхэм ехьэлIа Iуэхум. Согугъэ зэфIэдгъэкIа псори сэбэп къытхуэхъуу цIыхухэм а Iуэхушхуэм и мыхьэнэр къагурыдгъэIуэну икIи а къыхэтхыкIыныгъэхэр къыддаIыгъыну, - жиIащ Тхьэзэплъыжым.

- Лъэпкъым ехьэлIа Iуэхугъуэхэр сыт щыгъуи нэхъыщхьэу къыщыуву щытащ сыт хуэдэ къыхэтхыкIыныгъэми. Ар сытым дежи къэралым сэбэп хуэхъурт лъэпкъ политикэр щыуагъэншэу иухуэну. Ауэ тхыдэм и лъэхъэнэщIэм Урысей Федерацэм и Конституцэм и 27-нэ статьям хуит дищIыркъым зы лъэпкъ хэха гуэрым къэрал Iуэхухэр тетщIыхьыну, езы цIыхур зыщыщ лъэпкъым тепсэлъыхьыну хуэмеймэ, дэ ар хэдгъэзыхьынуи дыхуиткъым. Дэ упщIэр дгъэувыну дыхуиту аркъудейщ, адэкIэ къыдат жэуапыр зэдгъэзэхуэжыну Iэмал лъэпкъ дгъуэтынукъым,- жиIащ УФ-м и Къэрал статистикэм и унафэщI Суринов Александр.

ЗэIущIэм наIуэ къызэрыщащIащи, ди республикэм къыхэтхыкIыныгъэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмрэ теухуа «стIол хъурей» щегъэкIуэкIын хуей хъуащ, къэбэрдей адыгэхэм «шэрджэс» е «адыгэ» жаIэу зыщыщ лъэпкъыр ирагъэтхынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм, балъкъэрхэми «таулу» е «алан» зыфIащыжынкIэ зэрыхъунум. ЗэIущIэм зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм ди республикэр зыхуишэнкIэ хъуну щытыкIэ гугъухэм. Псалъэм папщIэ, щIыналъэр къэзыгъэхъу къэбэрдейхэмрэ балъкъэрхэмрэ я зэхущытыкIэм зихъуэжынкIэ хъунущ, иужькэр нэхъыбэу къыщIидзу. Ауэ ари шынагъуэкъым. Шынагъуэр нэгъуэщIщ - Къэбэрдей-Балъкъэрым щаIэ суверинитетыр щафIэкIуэду, республикэр зэкъуэуда, и щIыналъэкIэ зэкъуэча хъуфынущ.

Нэхъ кIэщIу икIи нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, адыгэхэр (къэбэрдейхэри, шэрджэсхэри, адыгейхэри, шапсыгъхэри) апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэшхуэхэм зэкIэ хуэхьэзыркъым: ди лъэпкъым и фIэщыгъэцIэхэм ящыщу псори зэгурыIуауэ зы къыхахыу къызэдащтакъым. Къызэдащтакъым зы бзэ къудамэри зэдайуэ. Iуэхум иужь ущихьэ хъунур, зылI и быну зэгурыIуауэ, Урысейм адыгэу щыпсэур къыхэтхыкIыныгъэхэм хэтмэщ, адыгэхэм зы лъэпкъ фIэщыгъэцIэри, зы бзэ къудамэри зэгурыIуауэ къызэдащта нэужьщ.

А Iуэхум адыгэ лъэпкъым и къэкIуэнур куэду елъыта пэтми, сыт хуэдизкIэ тынш хъуну республикэ зэпэщхьэхуэурэ зэкъуэуда адыгэ щIыналъэхэр, дуней псом тепхъауэ хэхэсу псэу адыгэ мелуан бжыгъэхэр зэгурыбгъэIуэныр?

ГЪУЩIО Зариф.

ЦIыхухэр къыхэтхыкIыным ехьэлIауэ къагъэсэбэпыну дамыгъэр къыхэфлъхьэ мэхъу

Дызэрыщыгъуазэщи, жэпуэгъуэм и 14 - 25-хэм Урысей псом цIыхухэр къыщыхатхыкIынущ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэнущ зэрыщыту къэралым зегъэужьынымкIэ, хэхауэ дэтхэнэ зы цIыхуми и псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ. Аращ цIыхухэр къыхэтхыкIыным пыщIа лэжьыгъэхэр Iэмал зэриIэкIэ нэхъ зыубгъуауэ хэIущIыIу ящIыну щIыхэтыр.

Иджы щIадзауэ къэралым щрагъэкIуэкI 2010 гъэм цIыхухэр къызэрыхатхыкIынум ехьэлIа дамыгъэ нэхъыфIыр къыхэхыным теухуа урысейпсо зэпеуэр. Ар шыщхьэIум и 31-м еухри, лэжьыгъэхэр иужь дыдэу щагъэхь хъуну пIалъэр шыщхьэIум и 26-рщ. Зэпеуэм хэт хъунущ къэралым и цIыхуу зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуахэр. Дэтхэнэми, графикэм и Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ, цIыхухэр къызэрыхатхыкIым пыщIауэ псэущхьэ пыухыкIам е езым къигупсыса псэущхьэм и сурэт (образ) ищIын хуейщ.

Дамыгъэр ягъэхь **KP.RU http://www.kp.ru \daily\konkurs** («2010 гъэм Урысей псом цIыхухэр къызэрыщыхатхыкIынум и дамыгъэ» зэпеуэм и напэкIуэцIым) сайтым. Абы щIыгъуу къагъэлъэгъуэн хуейщ дамыгъэр зыщIам и цIэр, и адэцIэр, и унэцIэр, щыпсэу щIыпIэр, телефонымрэ электрон пощтымрэ.

Конкурсым щытекIуэм сом мин 30, етIуанэ увыпIэр къэзыхьым сом мин 20 иратынущ.

КъБР-м ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.

АБРАМОВ Яков

Кавказ бгырысхэр

Урыс-Кавказ зауэм (1763 - 1864 гъгъ.) и тхыдэм щыщ пычыгъуэхэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр №№153, 154-хэм итщ).

Бгырысхэмрэ дэ урысхэмрэ Кавказым щыдлэжьахэр зэдгъапщэурэ дызэхуеплъу щытмэ, зи культурэр нэхъ мащIэу икIи нэхъ щхьэхынэ лъэпкъыу къэлъытэн хуейр дэрауэ, урысхэрауэ, къыщIокI. Сэ къыхэзгъэщакIэщ Псыжь и Iэшэлъашэхэм урысхэм тепщэныгъэр щаубыда нэужь, а щIыпIэшхуэ хэр нэщI, теплъаджэ зэрыхъуар, ауэ щыхъукIи, нэхъапэхэм а щIыпIэхэм гъавэ бэв кърахыу, жызумхэр щыбагъуэу, хъупIэ дахэшхуэхэу щытащ. Ар дыдэрщ Тэрч куейми къыщыхъуауэ плъагъур. Мыбы сызэрыщыIэ илъэсищым къриубыдэу сэ зэман-зэманкIэрэ сыщыпсэуащ Налшык. Ар урысхэм я быдапIэ жылагъуэ цIыкIущ икIи Къэбэрдеишхуэм и зэхуэсыпIэ нэхъыщхьэщ. Мыбыи сэ щыслъэгъуаращ: укIытэншэу, ягуи я ли мыузу Iисраф зэтращIащ гугъу дехьу илъэс IэджэкIэрэ адыгэхэм къызэрагъэпэща культурэр. Езы Налшык пэгъунэгъубзэу щылъащ ХьэтIо хъущокъуэхэ я хадэ телъыджэр. Жыгхэр ираупщIыкIмэ, Iисраф зэтращIэурэ абы зэуэ тхьэмыщкIафэ къытрагъэуащи... Кавказым фIэкIа, нэгъуэщI щIыпIэхэм щумылъагъун жыг хадэшхуэхэм я фэгъуу щытат ар. Мэзышхуэм ещхь жыг хадэт. Ар Iыхьитху зэщхьэщыдзат: адакъэкIэ теплъэ зиIэ зы Iыхьэм, зэуэ зридзыхырти, аузым хуиунэтIырт, мыдрей Iыхьэр Налшыкыпсым дыхьэрт. ЦIыху IэпщIэлъапщIэхэм я Iэужь а терассэшхуэр цIыкIу-цIыкIуурэ зэщхьэщыдзати, пкIэлъеинэхэм ещхьу, зыр адрейм къыщхьэщыту заIэтырт. А терассэхэр жызумей хадэ цIыкIуурэ зэпэгъэщхьэхукIат. Хадэшхуэм и лъапэм пхъэщхьэмыщхьей жыгхэр щыгъэкIат - кхъужьейуи, мыIэрысейуи, къущхьэмышхейуи, нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэуи абы имыт щыIэтэкъым. Бзиихухэр, кIарцхэр зи гъунэхэм ягъэкIэкIа лъэс лъагъуэхэр удз гъагъэ хэмкIэ гъэщIэрэщIат. ЗыгъэпсэхупIэ хуей цIыкIу удзыпцIэ дахэхэм я хъуреягъхэм шэфталхэр, балиейхэр, къатхьэнсулыкъуейхэр, мэракIуейхэр къегъэтIысэкIати, а жьауапIэхэр дуней жэнэтым хуэдэт. Жызумейхэм, пхъэщхьэмыщхьейхэм щIагъэлъэдэну псыр бжьамийхэмкIэ хадэм къешэлIат. Зыхуей хуагъазэу, мис апхуэдэут адыгэхэм я жыг хадэхэр зэрызэрахьэр. Ауэ, урысхэм яIэрыхьа нэужь, абыхэм тхьэмыщкIафэ къатеуащ: бжьамийхэр гъущIэжащ, жызумейхэм кIэлъыплъыжIакъыми, ахэр жьгъеибзэ хъужащ. Уи нэр зыгъэгуфIэу щыта щхъуантIагъэ дахэ хэр паупщIмэ, къахыурэ Iэщым ирагъэшх. Терассэхэр пабжьэу зэщIэкIэжащ. Пхъэщхьэмыщхьейхэми я махуэ хъуар нэхъ щIагъуэкъым: жыгыщIэхэр къыхатIыкIыурэ, я унэ хадэхэм ягъэIэпхъуащ, жыгыжьхэр къраупщIыкIыурэ, пхъэгъэсын ящIыжащ. Бзиихухэри кIарцейхэри Iэ щIыIэкIэ ирагъэбэтри, ахэр къызэгъэкIэкIауэ щыта лъэс лъагъуэхэр «пцIанэу» къэнащ. А псори гущIэгъуншэу Iисраф зэрызэтращIэр си нэкIэ слъэгъуащ. ЦIыхубэм я IэкIэ езы цIыхубэм я щхьэм папщIэ къызэрагъэпэщыгъа а хъугъуэфIыгъуэ телъыджэхэр хьэлэч зэтезыщIар, зэбгрызылъэфар зызыгъэинтеллигенту, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъу зызылъытэжу Налшык дэс урысхэращ. Бзиихурэ кIарцейуэ икъукIэ куэд къизыупщIыкIыу зыгъэса а «интеллигентхэм» ящыщ гуэрым сеупщIат: «Пхъэгъэсын къыумыщэхун щхьэкIэ, апхуэдиз жыг къызэрыбгъэуам уи напэр ирисыркъэ?» - жысIэри. СхуэмыукIыта дэнэ къэна, абы жэуапу къыпысхаращ: «Зыми щымыщу а жыгхэр мыбдеж щIитын щыIэкъым».

Хадэр зыгъэбжьыфIэу, зыгъэуардэу щыта жыгышхуэхэм я нэхъыбэри е къраупщIыкIащ, е къудамэхэр къыгуаупщIыкIыурэ ягъэгъуащ. ХьэтIохъущокъуэхэ я хадэм зэуэ тхьэмыщкIафэ къытеуащи, абы ущыIуплъэкIэ уи гъын къокIуэ: жыгышхуэхэм кIэ иратащ, къызэтенахэр ныкъуэдыкъуэ зэтращIащ, Iэм зэрихьэжыркъыми, къуацэ-чыцэмрэ пабжьэмрэ зэщIащтэжащ. Пэжщ, адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуэ культурэшхуэм и фэеплъу къэна щыкIэу, жыгышхуэ закъуэтIакъуэхэр адэкIэ-мыдэкIэ щыболъагъу. АрщхьэкIэ шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым а лъэпкъ фэеплъхэми гъащIэшхуэ зэрамыIэжым, езы лъэпкъым и махуэр абыхэм къазэрыхуэкIуэнум...

Налшык быдапIэм удэкIрэ, псы Iуфэр пIыгъыурэ, километр зыбгъупщI хуэдизкIэ удэкIуеймэ, зэгуэрым адыгэ къуажэшхуэ ухуэзэу щытащ. Абдеж узыщрихьэлIэ жыг хадэ телъыджэр апхуэдизкIэ инти, ХьэтIохъущокъуэхэ яйр жыжьэуи лъэщIыхьэнтэкъым. Ауэ абыи ХьэтIохъущокъуэхэ я хадэм и махуэр къыхуагъэкIуащ урыс хэм: зэхафыщIащ, зэбгралъэфыжащ. И теплъэ хъуамкIи ХьэтIохъущокъуэхэ яйм нэхърэ нэхъыкIэжщ.

Апхуэдэ защIэщ урысхэм мы щIыпIэм къраха «культурэм» и Iэужьхэр. Абы ехьэлIа щапхъэхэр куэду къыпхуэхьынущ. А псом я ужькIэ дауэ я жьэ къекIуэрэ бгырысхэр культурэм пэIэщIэу, ахэр щхьэхынэу, лэжьэн я жагъуэу жаIэну? Хьэмэрэ ухуэныгъэ дахэхэр ямыIауэ? Ар пэжмэ, дэнэ-тIэ къыздикIар абыхэм я чэщанэ абрагъуэ телъыджэхэр? Ахэр гъунэжу щыболъагъу бгырысхэм я деж. Абыхэм я «щхьэ хынагъым» и щапхъэ фыхуей? Феплъ нэм къыхуэмыубыд губгъуэшхуэхэр, джабэ нэкIухэр зыуфэбгъуа Iэщ хъушэ бжыгъэншэхэм. IэщышхуэуIуащхьэмахуэ лъапэм иплъагъуэм хуэдиз уафэм вагъуэу имысми ярейщ. Бгырыс «щхьэхынэращ» а къомыр къэзыгъэхъуари зейри! Апхуэдиз Iэщыр зыхуей хуэбгъэзэн, зэбгъэкIуэкIын папщIэ, улэжьакIуэшхуэу, уIэпщIэлъапщIэу, щхьэфI пфIэту зэрыщытын хуейм шэч къыщIытепхьэн щыIэу къыщIэкIынкъым. А псомкIи Алыхьыр къахуэупсащи, аращ техникэми машинэхэми хуэхей бгырысхэм фэм, цым, къупщхьэм, гъущIым хьэпшип зэмылIэужьыгъуэ телъыджэ куэд къыщIыхащIыкIыфыр. Ахэр щыгъуэтыгъуейщ зэрыIэбэн техникэри, зэрылэжьэн машинэхэри зиIэ урысхэм я деж.

Зи гугъу къыхэзгъэща мы Iуэхум кIыхь зезгъэщIын си мурадкъым - абы зэман куэдыIуи ихьынщ, си псалъэмакъыр зытеухуари нэгъуэщIщ: бгырысхэр я хэкум зэрырагъэкIаращ. Ауэ мы зым и гугъу фхуэзмыщIу сыблэкIыфынукъым. Абыи сыкъыщIытеувыIэнум щхьэусыгъуэ иIэщ: аргуэру зэ гу лъывзгъэтэну аращ зи хэкум ирахуурэ хэхэс псэукIэ гуфIэгъуэншэр натIэ зыхуащI бгырысхэм культурэшхуэ зэрабгъэдэлъами ахэр зэрылэжьакIуэшхуэми, а Iуэхум хьэзаб миныр пыщIа пэтми, абыхэм щIыр IэкIуэлъакIуэу къагъэсэбэпу, зыхуей хуагъазэу зэрахьэу зэрыщытам.

V

ГЪАВЭ тепщIэн папщIэ къэбгъэсэбэпыну тыншкъым Кавказ бгылъэхэр. Ахэр задэщ, мывалъэщ. Абыхэм къыщыкIыр мэзрэ удз лъагуэрэщ. Бгы джабэхэм зыгуэр тепсэну ухуежьэнущи, ищхьэмкIэ къыщежьэ уэсыпсымрэ уэшхыпсымрэ къыздрахьэ х мывэмрэ пшахъуэмрэ псори ирахынущ, щIагъэнэнущ. ИужькIэ щIыр мывэ джафэу къонэ. А щIыпIэхэм зыгуэр щыхэпсэми, гъатхэ уэшхымрэ гъэмахуэ уэсыпсымрэ кърalъэсэхынущ. Абыхэм, мэзрэ хъупIэу фIэкIа, гъавэ щIапIэу уаззрыщыгугъын щыIэкъым. Гъавэ зытепщIэ хъуну а щIыпIэхэм щыбгъуэтынур щIы мащIэ дыдэщ. А бгылъэхэм, мывалъэ хэм зыгуэр щытепсэн папщIэ, абыхэм щIы куэд ятумыкIутэу хъунукъым. А щIыр езыр дэнэ нэс къыщылъыхъуэн, къихын хуей? Жыжьэ къраха а щIыр къагъэберычэтын папщIэ, ящIэр лIо? Нэхъ къэгъэсэбэпыгъуафIэ хъун щIы нэщI тIэкIу къагъуэт. Абы мывэхэр къыхатхъ, къыхащыпыкI. Апхуэдэу къагъэхьэзыра щIы Iыхьэ тIэкIум я лъабжьэIуэкIэ мо мывэ дыдэхэр щызэтралъхьэ - къуэбэкъу цIыкIухэм дэту къежэхыну псыр IуащIэ. Абдеж мывэкIэщхъымрэ пшахъуэмрэ щызэтрехьэ. ИтIанэ псыр яутIыпщыж. ЩIагъщIэлъи зыгъуэта, хуити къэхъуа щIыпIэм щIыр тракIутэжри... Гъавэ щIапIэр хьэзыр хъуащ. Ауэ Iуэхур абыкIэ зэфIэкIыркъыми, адэкIэ ящIэращ: зыгуэр зыхасам ищхьэIуэкIэ къуэбэкъухэр мывэшхуэхэмрэ мывэкIэщхъхэмкIэ щагъэбыдэж, псым кърихьэхыурэ а IущIапIэм деж щызэтрихьа мывэхэм ежьужьхэм кIуапIэ зрамыту дагъэуэх псым нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ еунэтI... А IэмалхэмкIэ къахуха щIыпIэхэр увыIэпIэ зыхуащI Iэщым щIыр ягъэпшэр. Апхуэдэ щIыкIэхэмкIэ гъавэ щIапIэ къызэбгъэпэщыным илъэс бжыгъэкIэрэ уелIэлIэн хуейщ. А псори нэхъ псынщIэу зэфIэзыгъэкIыну нэхъ къэзыщтэхэм, хъерым нэхъ хуэпIащIэхэм ящIэр сыт? Зыщымысхыжу, еш ямыщIэу щIыгулъ нэхъыбэ плIэкIэ къахьурэ тракIутэ къагъэхьэзыра щIыпIэхэм. Ахэр япэ щIыкIэ вэныжьу щагъэлъщ. Уи Iэр пхухэмыхуэну, абы къытокIэ удз лъахъшэ Iув. Ар илъэсым щэнейрэ паупщI. Iэщ гъэхъуным нэхъ елэ жь бгырысхэм я деж мэкъум икъукIэ уасэшхуэ щиIэщ. Дестынэ Iыхьэ плIанэ фIэкIа мыхъу щIым къытепхыну мэкъур тумэних нэхъ мащIэ и уасэнукъым. Ауэ зыгуэр къызытепх хъун щIыпIэ хуиту бгылъэхэм щыбгъуэтынур мащIэ дыдэщ: дестынэ Iыхьэ плIанэ нэхъ ин зы щIыпIэм деж ущрихьэлIэнур зэзэмызэ ххэщ. Нэхъ лъагэу бгым удэкIыху, ахэр нэхъ мащIэж мэхъу. Зы пэш кIуэцI хуэдиз фIэкIа мыхъу щIыпIэхэращ нэхъыбэрэ узыхуэзэр. Ахэри зэпэжыжьэу зэбгрыдзауэ. ЩIыр егъэлеяуэ щIэлъапIэри аращ. Зы дестынэ ныкъуэ зиIэ унагъуэр къулеижьу яб ж, нэхъыбэIуэ уиIэ - укъулей дыдэу къалъытэ. Iыхьэ цIыкIу-цIыкIуурэ гуэшауи ирехъуи, щIы дестынэр сом мин нэс и уасэщ. Абы теухуащ къысхуаIуэта мы хъыбарыр.

ХуэщIауэ псэу бгырыс гуэрым, щIы Iыхьэхэр адэкIэ-мыдэкIэ щызэбгрыдзащ жумыIэмэ, щIы дестыниплI хуэдиз щIэину къыхуагъэнат. Ар ещэ, абы къыщIиха псори имыхьу, тафэм къыщищэхуащ щIы дестынэ щиплI. Уи фIэщ мыхъуни гъэщIэгъуэни хэлъкъым абы, сыту жыпIэмэ Тэрч куейм и тафэхэм щIыр щыпудыкIейщ: дестынэр зи уасэр тумэнщ. Налшык и Iэшэлъашэхэм щIы дестынэр сом тхурытхукIэ щащэу зэрыщытарэ куэд щIакъым. Хьэсэвюрт къедза щIыпIэхэм 1883 гъэм щIыр щынэхъ пудыжт: мэзри зэрытету, дестынэр соми 4-кIэ, къыфIэбгъэкIмэ, соми 3-кIэ щыбгъуэтынут.

Апхуэдизу зэлIалIэу бгылъэхэм къыщызэрагъэпэща щIым нэхъыбэу трасэр хьэщ, мэшщ. Iэщыр трагъэтурэ куэншыбхэмкIэ фIыуэ ягъэпшэра щIым, псыи щIагъэлъадэ пэтми, нэгъуэщIу гъавэ къыщепхьэлIэфынукъым а щIыпIэхэм.

ПсыщIэлъадэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэрыжылэу зэдащIэ. Арыншауэ, ар уи щхьэ закъуэкIэ пхузэфIэмыгъэкIын Iуэхущ. Бгылъэхэщ, мывалъэхэщи, псыр щIым тету къыпхуэшэнукъым. ЯщIэр лIо-тIэ? ХьэкхъуафэшхуэIэтахэмкIэ къашэри щIагъэлъадэ. Нэхъыбэу апхуэдэу зыщIэр бгылъэ щIыпIэхэм щыпсэухэращ.

ПсыщIэгъэлъадэр зэгъусэу зэрырагъэкIуэкIым уеплъыну гъэщIэгъуэнщ. Ар куэдрэ къэмыхъу хабзэми, бгырысхэм урысхэр къащыхуеблагъэ щыIэщ, абдеж жылэр зэрыщыту къызэхуос. ХьэщIэр зей бысымым бгырысхэм я хабзэ псори егъэзащIэ: къыхуеблэгъам гуапэу IуощIэ, Iэмал имыIэу хьэщIэныш хуеукI. А мэлыр щашхкIэ зыри Iыхьэншэ ящIыркъым. ПлъакIуэ-дэIуакIуэу къызэхуэсахэм уащыхэплъэкIэ, мыпхуэдэ Iуэхум гу лъумытэу къанэркъым: хэгъэрейхэр щIэх-щIэхыурэ зэбгрожыж, ауэ, куэдрэ къэмы-ту, къызэхуосыж, абдеж щыплъагъухэм ящыщ дэтхэнэми бел иIыгъщ. Щыгъуазэ дызэрыхъуамкIэ, дэнэкIэ ягъэзами, бгырысхэм гъатхэм, гъэмахуэпэхэм деж бел яIыгъыу къакIухь. Сыт щхьэкIэ? А зэманхэм иро хьэлIэ псыщIэгъэлъадэр. А Iуэ хур Iэпэдэгъэлэл пщIамэ, гъавэфI ущымыгугъ. Зэгъусэу къашэ псыр уи хадэм щIэбгъэлъэдэным куэд пыщIащ: дэтхэнэ зыми ещIэж чэзур къыщылъыс махуэри зэманри. Ар блэбгъэкIакъэ - а махуэм псым упыкIащ. Аращ сыт щыгъуи бел яIыгъыу къыщIакIухьри, кIуэдкъыкъуэкIыжхэу къыщIажыхьри. Апхуэдизу елIалIэу зэрахьэ щIым гъавэфI къызэрытрахыр щIэбгъэщIэгъуэн щыIэкъым. Ауэ, щIыр сыт хуэдизкIэ ягъэпшэрми, псы щIагъэлъадэми, бгылъэхэм щыпсэухэм гъавэр хуабжьу къомэщIэкI, абы къыхэкIыу бгырысхэм ар тафэхэм къыщащэ хун хуей мэхъу...

Мы Iуэхум зыубгъуауэ сыщыIытепсэлъыхьар бгырысхэр щхьэхынэу, лэжьэн я жагъуэу зэрыжаIэр нэсри къэсыжауэ зэрыпцIыр къыщIэзгъэщын папщIэщ. КъимыдэкIэ, апхуэдизу зэлIалIэу, пщIэнтIэпсри лъыпсри зэхэлъэдэ жауэ зэрахьэ щIыр фIыщэу зэралъагъур, абы щхьэкIэ я псэр ятыну зэрыхьэзырхэр щIэбгъэщIэгъуэн щыIэкъым. ГурыIуэгъуэу си гугъэщ: я псэ Iыхьэ зыхэлъ а щIыр къабгынэу, бгырысхэр насыпыншэ гъуэгум техьэным и щхьэусыгъуэм щылъыхъуэн хуейр абыхэм я «щхьэхынагъракъым» икIи «зэрыкультурэншэхэракъым» - а гуауэшхуэм къежьапIэ хуэхъур цIыхугъэншагъэмрэ гущIэгъуншагъэмрэщ, а Iуэху нэщхъеягъуэм залымыгъэкIэ зэрырахулIэращ.

ЗэзыдзэкIар
ЕЛГЪЭР Кашифщ.

Уэгуми щIыгуми щышыщхьэмыгъазэт

● ТекIуэныгъэ-65

ГЪУНАПКЪЭНШЭТ Аслъэн Николай Хэкум хуиIэ фIылъагъуныгъэр. И псэ лъащIэм нэсу абы хуэпэжт. Ар ящыщт дэтхэнэ зы махуэщIэми щыгуфIыкIхэм, и IэнатIэм щыпэрытхэм, цIыхухэм, и гъунэгъухэм зэпымыууэ егуапэкIхэм. Хэкум и хъумакIуэ къэмылэнджэжыр каменномостдэсхэм я гум къызэринэжар лэжьакIуэ емызэшыжущ, адэфIущ, гущIэгъушхуэ зыхэлъа нэхъыжьыфIущ.

Я къуажэм класси 7-р къыщиуха нэужь, илъэс 15 ныбжь фIэкIа зимыIэ ныбжьыщIэр, зэрыцIыкIурэ зи нэр къызыхуикI Налшык аэроклубым щIэтIысхьэри, кхъухьлъатэзехуэу еджащ икIи 1939 гъэм хьарзынэу къиухащ. Ар зэхуэдэу хуэIэкIуэлъакIуэт У-1, У-2, И-16, Ил-2 кхъухьлъатэхэм. Курсант нэхъыфIхэм зэращыщыр къалъытэри, къулыкъу щищIэну икIи щеджэну иужькIэ Астрахань ягъэкIуащ. ЗэфIэкI зэриIэм, дзэ кхъухьлъатэзехуэ Iэзэ хъуну зэрыхуэпабгъэм къыхэкIыу, нэхъ къалэн гугъухэр дзыхь къыхуащIу хуежьащ. Николай абыхэм гъуэзэджэу пэлъэщырт, уэгум ихьамэ, и кхъухьлъатэр тегушхуауэ къигъэIурыщIэрт, лъэкIыныгъэу бгъэдэлъыр «къыщIикъузыкIырт». Илъэскlэ еджауэ, зигъэсауэ генерал Фирсовыр зи унафэщI комиссэм и зачет псори фIы дыдэу итри, 715-нэ авиацэ полк хэхам и къулыкъум щыпищэн щIидзащ.

Хэку зауэшхуэм и пэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ 1943 гъэм уIэгъэ хьэлъэ хъухункIэ, Аслъэн Николай фашистхэм уэгум щхьэмыгъазэу щапэщIэтащ.

- УIэгъэщым сыщыщIагъэкIыжым медкомиссэм схуитха тхылъыр гущIыхьэ сщыхъуат. Абы итт авиацэм згъэзэж мыхъуну. Арати, топгъауэ Iуэхум псынщIэу сыхуагъасэри, ЕтIуанэ Украин фронтым и 86-нэ дивизэм и 191-нэ полкым сыхагъэхьащ, - игу къигъэкIыжырт нэхъыжьыфIым.

Аслъэн Николай щхьэмыгъазэу хэтащ Сталинградрэ Курскрэ деж щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм я курыкупсэм. Украинэр, Молдавиер, иужькIэ Румыниер, Болгариер, Югославиер, Венгриер, Чехословакиер, Австриер хуит къыщащIыжым, Днепр, Буг, Прут, Днестр, Дунай псыхэм щызэпрыкIым, Карпат къуршхэм щащхьэдэхым лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъэгъуащ, яссо-Кишинев, Естергомск зэхэуэ хьэлъэхэм къыщыхэжаныкIащ, Прагэ къалэр бийм къызэрыIэщIагъэкIыжам и дамыгъэ къыхуагъэфэщащ.

Чехословакием нэгъуэщI къэралхэм я дзэхэм щаIущIа нэужь, Николай зыхэт полкыр Торн къалэм ягъэIэпхъуащ. Абы и командир, гвардием и полковник Самойленкэ зауэлIхэр сатыру игъэуври, захуигъэзащ: «Фашистхэм я «СС» дзэхэр, Хэкум и епцIыжакIуэхэр къанэ щымыIэу зэтекъутэным хэтыну хуейхэр фыкъыхэкI». Адыгэ щIалэри, и гупым щыщхэри куэдрэ гупсысакъым: яхь жэуаплыныгъэр куууэ зыхащIэу, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу ар къызэдащтащ.

ЛIыгъэм и щапхъэ къигъэлъагъуэу езэуащ Аслъэныр бий ерум, псэзэпылъхьэпIэ Iэджэми къихутащ. Лъыгъажэ зэхэуэ гуащIэхэм ящыщ зым уIэгъэ хьэлъэ щыхъуауэ Братиславэ къалэм и сымаджэщым щынагъэсам, къелыну ягугъакъым. Ауэ дохутырхэм абы и псэр ажалым къыIэщIахащ.

Мы тхыгъэр адыгэ щIалэм лIыгъэшхуэ зэрыхэлъам и зы щыхьэтщ: «Авиацэм ещанэ класс зиIэ и штурман Аслъэн Николай Мухьтар и къуэр майор Лебедевым щIыгъуу нэмыцэ кхъухьлъатэкIэ бийм теуащ. Я къалэныр Венгрием и Татэ къалэм щызэтрихьа фашистыдзэр зэтегъэсхьэнырти, ар гъуэзэджэу ягъэзэщIащ. Къагъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ, ди кхъухьлъатэзехуитIми къэрал дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ». Аслъэн Николай «Кишинев къалэм ЩIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр къыфIащауэ щытащ, и сурэтыр ноби я музейм щахъумэ.



Аслъэн Николай

Къэрал дамыгъэхэр и бгъэм къыхэлыдыкIыу Николай дзэм къыщыхэкIыжар 1946 гъэм и фокIадэ мазэрщ. Абдеж щегъэжьауэ и къарум къихьыху Хэкум хьэлэлу хуэлэжьащ, и цIэфI жригъэIэу, губзыгъэу цIыхухэм яхэтащ. Сыт хуэдэ къалэн игъэзэщIами, зыхэт гупым фIыуэ къалъагъурт, пщIэшхуэ къыхуащIырт. Ар лэжьащ Каменномост къуажэ сымаджэщым и бухгалтер нэхъыщхьэу, потребсоюзым снабженэмкIэ и унафэщIу, Сэрмакъ жылэшхуэм и мылъку хъумапIэм и нэхъыжьу, Хьэбэз къуажэ Советым и тхьэмадэу. Хьэбэз жылагъуэм абы щыгъуэ и IэкIэ щыхисауэ щыта кхъужьей жыгитIым нобэ нэр ягъэгуфIэ.

Николай и къулеигъэ нэхъыщхьэу къилъытэр и унагъуэ дахэмрэ и бынхэмрэт. И щхьэгъусэ Софьерэ абырэ щIалитIрэ хъыджэбзищрэ зэдапIащ, ягъэсащ, цIыхухэм яхэгъуащэу къагъэхъуащ, я лъэпкъыр зэрыгушхуэ IэщIагъэлI Iэзэхэщ. Псэуху нкIэ ахэр къызэдэгъуэгурыкIуащ я бынхэр я IэфI щамыгъащIэу, абыхэм я зэфIэкIым иригушхуэу. Езыхэри я адэ-анэм гуапагъэкIэ етэжырт, я нэ-я псэм хуахьырт...

ИлъэсипщI мэхъу Аслъэн Николай ветеранхэм ящIыгъуу ТекIуэныгъэ Иным и махуэр зэримыгъэлъэпIэжрэ. Ауэ гъэ къэс накъыгъэм и 9 махуэм къармэхьэблэдэсхэм къызэрагъэпэщ гуфIэгъуэ зэхыхьэм, адрейхэми хуэдэу, нэхъыжьыфIым и цIэри иригушхуэу къыщраIуэ, и зауэ гъуэгуанэм ироплъэж, зэрихьа лIыгъэр щIэблэм щыхуаIуатэ. Абы къегъэлъагъуэ сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу, гуащIафIэу дунейм тета Аслъэн Николай и IуэхущIафэу щытар и къуажэгъухэм зэрафIэлъапIэр, и фэеплъ нэхум хуэфащэ пщIэ зэрыхуащIыр.

ТЕУВЭЖ Нинэ.

КъБР-м и СурэтыщI гъуазджэм зеужь

● ЗэIущIэхэр

Налшык дэт СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и пэшышхуэм щекIуэкIащ зэIущIэ гъэщIэгъуэн. Абы къыщызэхуэсат журналистхэмрэ КъБР-м и сурэтыщIхэмрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ сурэтыщI гъуазджэм и зыужьыныгъэмрэ мы гъэм я IэдакъэщIэкIхэр щагъэлъэгъуа щIыпIэхэр къазэрыщыхъуамрэ.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий**.

- СурэтыщI гъуазджэм зегъэужьыныр, абы цIыхухэр дегъэхьэхыныр мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Ди гуапэ зэрыхъущи, сурэтыщI Iэзэхэр ди мащIэкъым икIи ахэр гъэлъэгъуэныгъэхэм жыджэру хэтщ, - жиIащ Темыркъаным. - КIэщIу фыщызгъэгъуэзэну сыхуейщ Мэхъэчкъалэ, Краснодар, Сыхъум ди сурэтыщIхэм щагъэлъэгъуа лэжьыгъэхэм. Дэтхэнэ щIыпIэми ахэр фIыкIэ къыщыхэжаныкIащ. ЩэнхабзэмкIэ министерствэм илъэс къэс мылъкукIэ зыкъытщIигъакъуэу зэрыщытари къыхэзгъэщыну сыхуейт. Мы гъэм къызэрыткъуэмыувэфам къыхэкIыу ди Iуэхур тыншу зэрыщымытари жыIапхъэщ. Хэбгъэзыхьмэ, языныкъуэ сурэтыщIхэм езыхэм я сом халъхьэн хуей хъуащ.

АдэкIэ псалъэ иратащ Мэхъэчкъалэ зи IэдакъэщIэкIхэр щызыгъэлъэгъуа **Аккизовэ Сиярэ**. Абы жиIащ Дагъыстэныр зэрыт щытыкIэ гугъум щхьэкIэ къэмынэу, зэримыгугъауэ, гъэлъэгъуэныгъэм сурэтыщI гъуазджэм зэрыдихьэхым и щыхьэту цIыху куэд къызэрырихьэлIар, езыхэми гулъытэ хэха къызэрыхуащIар.

Краснодар щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэр гукъинэж къазэрыщыхъуам, гуапэу къазэрыIущIам и гугъу ящIыжащ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэу **Марченкэ Владимиррэ Колкутин Андрейрэ**. Ахэр тепсэлъыхьащ сурэтыщI гъуазджэм и лэжьакIуэхэмрэ абы щыIахэмрэ я кум, лэжьыгъэм и мызакъуэу, цIыхугъэ, нэмыс, хуабагъэ къызэрыдэхъуар, дяпэкIи зэрыщIэну, зэдэлэжьэну икIи зэкIэлъыкIуэну зэрамурадыр.

- Абхъазым дыкIуэным гугъусыгъу гуэрхэр къыхэкIами, къэтIуэтэжынрэ жытIэжынрэ ди куэду дыкъэкIуэжащ, - жиIащ КъБР-ми нэгъуэщI щIыпIэ куэдми фIыуэ къыщацIэ сурэтыщI цIэрыIуэ **Пащты Герман**. - Я къуэш, я ныбжьэгъуфIым хуэдэу ахэр къытпежьащ. ФэрыщIыгъэ гуэри зэрахэмылъыр наIуэу абхъазхэм я гур къытхузэIуахауэ, псэкIэ къызэрытщыгуфIыкIыр нэрылъагъуу драгъэблэгъащ. Гъэлъэгъуэныгъэр купщIафIэт, сурэтыщIхэм я мызакъуэуи, абы кърихьэлIат щэнхабзэм и лэжьакIуэхэри. Псом хуэмыдэу гукъинэж тщыхъуащ ди зыгъэпсэхугъуэ зэманхэр зэрыдагъэгъэкIуа щIыкIэр. Ар къыпхуэмыIуэтэжыным хуэдизу дахэу яубзыхуат, щIыпIэ хьэлэмэт куэдми зыщыдагъэплъыхьат. Пэжщ, зауэ екIуэкIам и лъэужьхэм уи гур къызыфIагъанэрт, Iуэхугъуэ куэдым урагъэгупсысырт. Лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ щIэх-щIэхыурэ дызэрыщIэмэ лъэныкъуитIми зэрытфIэфIыр жытIащ икIи ар зэдгъэхъулIэным дыхущIэкъунущ.

Абхъазым щыIущIахэм ягу къагъэкIыжащ адыгэ щIалэхэр къакIуэу къазэрыдэзэуауэ щытар, ар я бынхэм абыхэм я быныжхэм зэращымыгъупщэнур, сыт щыгъуи Къэбэрдейм къикIахэр хьэщIэ лъапIэу зэрабжыр, - жиIащ сурэтыщI **Аккизовэ Сиярэ**. - Апхуэдэу сэ япэу тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм сыIусауэ арати, ари гукъинэж сщыхъуахэм ящыщщ.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIа, КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь **Сындыку Нелли** кърихьэлIахэм фIыщIэ яхуищIащ икIи псоми Iэмал яритащ гъэлъэгъуэныгъэхэр щекIуэкIа щIыпIэхэм щызэтрагъэха фэеплъ сурэтхэр зрагъэлъагъуну, зыщагъэгъуэзэну.

ТАБЫЩ Динарэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Илъэс куэдрэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и сценэр ягъэбжьыфIащ КъБАССР-м и цIыхубэ артистхэу Тубей Мухьэмэдрэ Болэ Муратрэ. Абыхэм ягъэзэщIащ роль дахэ куэд, зэныбжьэгъуитIыр фIыуэ ялъагъурт адыгэ гъуазджэм дихьэххэм. *Сурэтыр 1964 гъэм трахащ.*

● Гу зылъытапхъэ

Чэзум ущымыту

УФ-м гъуэгухэм шынагъуэншэу щызекIуэнымкIэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэ генерал-полковник Кирьянов Виктор мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ Урысей МВД-м и Къэрал автоинспекцэм и Интернет-сайтым (www.gibdd.ru.) и унэтIыныгъэщIэм лэжьэн щIидзащ.

ИДЖЫ ЧЭЗУМ щымыту, дэтхэнэ шоферми ГИБДД-м щхьэкIэ зыхуеину квитанцыр езым и компьютерым кърихыфынущ. Рулым дэсхэм хуэгъэза хъыбархэр сайтым IыхьиплIу щыгуэшащ: «Хабзэр къызэрызэпаудамрэ къуэдымрэ», «Шофер тхылъхэр», «Регистрацэ Iуэхухэр», «Техникэ къэпщытэныгъэ».

«Хабзэр къызэрызэпаудамрэ къуэдымрэ» Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуащ гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр къызэпызыудам (зи хуэдэм елъытауэ) тралъхьэ къуэдымрэ и таблицэ. Апхуэдэу ГИБДД-м и сыт хуэдэ IэнатIэ ирехъуи, къыпхуигъэлъэгъуа къуэдыр зэрупшыныну квитанцыр къипх хъунущ.

«Шофер тхылъ» жыхуиIэм шофер тхылъыщIэ къеIыпхын, пфIэкIуэдамэ, ар зэфIэбгъэувэжын, и пIалъэр икIамэ зэпхъуэкIын, апхуэдэуи дунейпсо шофер тхылъ зыIэрыбгъэхьэн папщIэ узыхуеину дэфтэрхэр къыщыхьащ, шофер тхылъыщIэ, пIалъэкIэ рулым утIысыну хуит узыщI тхылъым щхьэщыптыкIын хуей мылъкур зыхуэдизыр къыщыгъэлъэгъуащ, квитанцри абы щыбгъуэтынущ.

«Регистрацэ Iуэхухэр» Iыхьэм къыщыбгъуэтынущ транспортыр ебгъэтхын, нэгъуэщI щIыпIэм пIалъэкIэ учетым щыбгъэувын, номер дамыгъэхэр къеIыпхын, зэребгъэтхам е ПТС-м и щыхьэт тхылъхэр, апхуэдэуи зэребгъэтхам зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэн, учетым кърахын папщIэ узыхуеину тхылъхэр, а Iуэхугъуэхэр зэфIэхыным щIэптын хуей мылъкур зыхуэдизым теухуа хъыбархэр.

«Техникэ къэпщытэныгъэ» Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуащ техникэ къэпщытэныгъэр ебгъэкIуэкIын и лъэныкъуэкIэ узыхуеину тхылъхэр, абы хуэкIуэ мылъкур зыхуэдизым теухуа хъыбар, ар зэрептыну квитанцри къипхыфынущ.

А псоми щыгъуазэ зыщыпщIыфынущ УФ-м и Къэрал автоинспекцэм и сайтым: **www.gibdd.ru.**

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Футбол

«Ростов»-м и къару кьыхэрихьклэ зехъумэж.

Хэт зыІэрыхьнур топыр?

Иужрей дакъикъэхэм текІуэныгъэр Іэщ1агъэкІ

«Ростов» (Дон Іус Ростов) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:1). Дон Іус Ростов. «Олимп-2» стадион. ШыщхьэІум и 20-м. Цыху 11500-рэ ельэш.

Судьяхэр: Харламов, Волков (ІТури Мэзкуу щыщ), Зарипов (Ленинград къалэ).

«Ростов»: Амельченкэ, Анджелович, Живанович, Окоронкэ, Хагуш, Гацкан (Акимов, 80), Кульчий, Павленкэ, Лебеденкэ, Адамов, Ахметович (Янков, 46).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Иованович, Васин, Джудович, Васянович, Леандру, Гогуэ (Гъэщокъуэ, 90+2), Концедалов, Голич (Маляров, 74), Джатэрывэ, Дядюн (Плиев, 89).

Тонхэр дагъэкІаш: Концедаловым, 5 (0:1). Адамовым, 87 - пенальтикІэ (1:1).

Дагъуэ хуищІащ Кульчий, Адамовым, Васиным, Фредриксон, Гацкан, Живановичым.

Дэмэгум кьыхахуащ Васиныр.

ЕПЩЫКІУИЯНЭ джэгуГъуэр мэрем кІуам Дон Іус Ростов къыщыхэІуахащ мы зэпеуэр фІы дыдэу езыгъэкІуэкІэу «Ростов»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ». Турнир таблицэм зэкІэлыкІуэу ельІанэ, етхуанэ увыпІэхэм щыт командхэм я унафэщІхэм кьыхуагъэува кьалэн нэхъыщхьэхэр зрагъэзэщІэным я кьару емыблэжу хущІокъу икІи ар хьарзыныгъэ кьоХъуІэ. Мы зэІущІэм ростовдэсхэм текІуэныгъэ къыщахьмэ, налшыкдэсхэм я гъусэу ельІанэ увыпІэм зыщагъэбыдэнут. Ауэ ар икъукІэ гугъу хьунут, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, ящ зэІущІэм мыбыхэм Налшык щрагъэкІуэкІам хэгъэрейхэр бжьагъэщхуэкІэ, 5:2-уэ, щытекІуэуэ щытащ.

«Ростов»-м иджырей зэІущІэми тыншыгъуэ зэрыщІимыгъуэтынур наІуэ къэхъуащ ящ дакъикъэхэм кьыщыщІэдзауэ. ЕбгъэрыкІуэныгъэ лъэщкІэ зэпэщІэтыныгъэр езыгъожьа «Спартак-Налшыкым» етхуанэ дакъикъэр екІуэкІыу бжьыгъэ кьызэІуихащ. Штрафнойм пэгъунэгъуу Концедаловыр зэуа топыр хэгъэрейхэм я гъащІэхэхъумэхэм ящыщ зым техуэри, и лъэтэкІэм зихьуэжащ. Абы хуэмыхьэныра Амельченкэ зыри хуэщІакъым - 0:1.

Арыншами жыдэкру зэІущІэр кьыщІэзыдза налшыкдэсхэр псынщІэу дагъэкІа топым иужькІэ нэхъри кьызэщІэпІащ. Дакъикъэ зыбжанэ дэкІауэ, штрафнойм ит Дядюн и лъэныкъуэмкІэ Леандру топыр кьыштащ. Владимир гъащІхьэтетым хуэзащІэ хъуаэр еуэну зыкъыщишэщІым, топыр Окоронкэ кьытрихащ.

ЗэІущІэм и яп1э Іыхьэм и ныкъуэр блэкІауэ арат «Спартак-Налшыкым» гупышхуэ и лъэныкъуэмкІэ зыщигъэбыдам. Абы кьыхэкІкІэ джэгуп1э губгъуэр хуит зыхуэхьуа «Ростов»-м щытыкІэр игъэзэкІуэжьным кьаруушхуэ тригъэкІуадэрт. АрщхьэкІэ надлшыкдэсхэм я «быдапІэм» хэгъэрейхэр гъунэгъуу бгъэдыхьэфыртэкъым, закъуэтІакъуэхэр жьжьэу щыту Фредриксон и гъэм кьеуэ мыхьэмэ.

Кэуэдрэ зимыгъэпсэхуу «Спартак-Налшыкым» ебгъэрыкІуэныгъэхэм щІидзэжащ. Абыхэм ящыщ зым Гогуэ лъэщу зэуа топым Амельченкэ ерагъыуц кьыззэригъэзэзар. КъыкІэлъыкІуэ дакъикъэм Гогитэ зэрыраудам кьрикІуа штрафнойр Концедаловым хъарзынэу игъэзэщІащ, арщхьэкІэ топыр гъэм и лъапэнэм зымащІэкІэ блэлъэтащ. Яп1э Іыхьэм и кІэух дакъикъэхэм «Ростов»-м и гъащІэхэтыр зыбжанэрэ згъэпІейтэщ Леандрэр Дядюнрэ, ауэ ебгъэрыкІуэныгъэхэм хуэфащэн кІэух иратыфакъым.

Иужрей дакъикъэхэм текІуэныгъэ кьыхэзыхьэ бжьыгъэр зэхуэдэ зэращІыжам «Спартак-Налшыкым» и лъэр щІидащ. ИкІи абы и зэранкІэ кІэух дыдэ дакъикъэм кьыхагъэщІным зымащІэр иІэжар. Жьдэкр къэхъуа «Ростов»-р ипэкІэ гупышхуэу кІуэтащ. Анджелович зэуа топым Фредриксон и пащхьэм кьихуэу кьригъэзэщащ. Абы я1эу нэса Лебеденкэ гъуэ нэщІым техуакъым.

Пашэхэм я гупым хуэмурэ кьыхохьэж Мэзкуу и **«Спартак»-мрэ** «Динамо»-мрэ. ЗэкІэлъхьэужьу зэІущІитІым топ щырыщ щыдзыгъэжІа Веллитон и командэм кьыкІэщІэлъыкІуэ текІуэныгъэ кьыхуихьащ икІи мэкъуудэсхэр **4:2-уэ «Томь»-м** иригъэфІэкІащ. **«Динамо»-р 3:0-у** текІуащ **«Локомотив»-м**. ШыпхыкІэ гугъум хуэмурэ кьокІ Новосибирск и **«Сибирь»-ри**. И унэ щыдэгъуу абы 1:0-у хигъэщІащ Пермь и **«Амкар»-р.** Самарэ щыІэу бжьыгъэшхуэкІуэ, **3:1-уэ,** хэгъэрейхэр хигъэщІащ Грознэ и **«Тэрчым».**

Адрей командэхэр мыпхуэдэу зэдэджэгуащ: **«Рубин»** (Кьэзан) - **«Сатурн»** (Мэзкуу область) - **2:0, «Алания»** (Владикавказ) - **«Анжи»** (Мэхъэчкъалэ) - **0:0.**

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и унэ щригъэжІкІынущ. ШыщхьэІум и 28-м абы кьригъэблэгъэнущ иужьрей ильэситІым кьэралым и чемпион хьуа Кьазан и «Рубин»-р.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Леандру сыт щыгъуи хуэдэу жьыдэрт.

Премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІым и тепІэгу

Командхэр	Дж.	Кь.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Зенит»	**16**	**12**	**4**	**0**	**26-7**	**40**
2. «Рубин»	**18**	**10**	**6**	**2**	**20-7**	**36**
3. ЦСКА	**16**	**10**	**3**	**3**	**28-13**	**33**
4. «Спартак-Налшык»	**18**	**9**	**5**	**4**	**26-19**	**32**
5. «Ростов»	18	9	2	7	30-23	29
6. «Спартак»	17	7	5	5	27-22	26
7. «Тэрч»	18	6	6	6	19-16	24
8. «Локомотив»	18	6	5	7	22-21	23
9. «Динамо»	17	5	8	4	20-17	23
10. «Томь»	18	6	4	8	24-29	22
11. «Анжи»	18	5	5	8	17-21	20
12. «Сатурн»	18	5	5	8	12-17	20
13. «Алания»	18	5	4	9	16-25	19
14. «Амкар»	18	4	3	11	11-20	15
15. «Сибирь»	**18**	**3**	**3**	**12**	**24-39**	**12**
16. «Крылья Советов»	**18**	**2**	**6**	**10**	**11-27**	**12**

«Ростов» (Дон Іус Ростов) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:0 (1:0). ШыщхьэІум и 19-м. Батайск. «Локомотив» стадион. Цыху 300 ельэщ.

Судьяр Амелин (Тулэ).

«Ростов»: Соловьев (Забугэ, 83), Харламов, Шустиков, Лещиков, Мирчик (Митькин, 21), Гусейнпур (Тумасян, 46), Васильев (Губанов, 86), Байрамян (Хохбэ, 83), Хагбэ, Курбанов (Кабанов А., 82), Сердюк (Сугак, 46).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн (Къумыкъу, 46), Балэ, Михеев (Трубицин, 46), Мер (Тебердиев, 72), Плиев, Кьхъэныхъ, Хьэгъэбанэ, Митришев (Бэрокъуэ, 67), Соблир, Чочуев, Абазэ.

Топхэр дагъэкІащ Хагбэ, 30 (1:0), Хагбэ, 76 (2:0). Сугак, 80 (3:0).

Дагъуэ кьыхуащІащ Абазэмрэ Михеевымрэ.

М АХУЭКУ кІуам «Ростов»-м иригъэблэгъащ «Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэ гупыр. ЗэІущІэр командэхэм я зэхуакуэ зэпэщІэтныгъэшхуэ дэмылъу щІидзащ. Дэтхэнэми и хьрхуэрэгъуэм и тІасхэр зригъэбжьыгъэм зихьуэжащ. Ростовдэсхэм я футболистыр штрафнойм екІуалэри, лъэщу зэуа топыр Васин техуащ. Ди гъащІэхьэмэр хуейуэ ІэкІэ абы еІусауэ судьям кьильыта. ЕтІуанэ дагъуэ хуищІри, щІалэр джэгум кьыхихуащ икІи Фредриксон и гъэм пенальти кьригъэуащ. Адамовым кьрагъэза дыхьэкІэ игъэпэжащ икІи и командэм очко кьыхуэзыхьа топыр дигъэкІащ - 1:1.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ЗэІущІэ нэужьым

КРАСНОЖАН Юрэ,

«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

Дэ дэлъытауэщ «Ростов»-р зэрыджэгуар

- ЗЭІУЩІЭР зэрыщІидзэу топ псынщІэ дэдгъэкІащ. КьыкъэлъыкІуэ зэманми тепщэныгъэр джэгупІэ губгъуэм щытІыгъащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, текІуэныгъэ кьытхуэзэыхь бжьыгъэр тхуэхъумакъым.

- Сыт. ФыдзэрегулируэкІыжьІэ, «Ростов»-м мы зэІущІэм щыхуримыкІуар? Абыхэм джэгукІэ тэмэм кьагъэтъэгъуэн щыщІадзэр зэІущІэм и кІэрщ.

- Абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иІэнкІэ хъунущ. Хэгъэрейхэр ебгъэрыкІуэну дэращ Іэмал езытар. Ар кьызыхэкІар топыр тэмэму зэрызэІэпыдмыхьфарщ. КъыкІэлъыкІуэу, ди ебгъэрыкІуэныгъэхэм зэхуэфащэн кІэух ептыфакъым.

ПРОТАСОВ Олег, *«Ростов»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Хьэрхуэрэгъуэ къыдофІэкІ

- «СПАРТАК-НАЛШЫКЫМ» зэІущІэр жыдэкру кьыщІидзащ икІи зэман кІэщІым кьырибыдэу бжьыгъэ кьызэІуихащ. Яп1э Іыхьэм нэхърэ етІуанэм и кІэухым нэхъыфІу дыдэкІуащ, зэпэщІэтныгъэ т екІуэныгъэ къэтхъыпхуэ Іэмал диІащ.

- «Ростов»-м имыІэу «Спартак-Налшыкым» и джэгукІэм сыт хэтъыр?

- Сэ сызэрепльэмкІэ, налшыкдэсхэр нэхъ зэгурыІуэу, Іэзэу мэджэгу. Абыхэм зэІущІэм и сыт хуэдэ щытыкІэми хэкІыпІэ кьыщагъэтыщ. Дэри «Спартак-Налшыкым» кьэдкІэ дыкьыкІэрыхуркъым, ауэ нэхъыщхьэращи - дыкьыкІэроху.

МЭЗК УУ Кьанщобий.

Гъуащхьэтетыр зэрахъуэжами зыри кьикІакъым

«Ростов» (Дон Іус Ростов) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:1). ШыщхьэІум и 24-м. Батайск. «Локомотив» стадион. Цыху 11500-рэ ельэщ.

Судьяхэр: Харламов, Волков (ІТури Мэзкуу щыщ), Зарипов (Ленинград къалэ).

«Ростов»: Амельченкэ, Анджелович, Живанович, Окоронкэ, Хагуш, Гацкан (Акимов, 80), Кульчий, Павленкэ, Лебеденкэ, Адамов, Ахметович (Янков, 46).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Иованович, Васин, Джудович, Васянович, Леандру, Гогуэ (Гъэщокъуэ, 90+2), Концедалов, Голич (Маляров, 74), Джатэрывэ, Дядюн (Плиев, 89).

Тонхэр дагъэкІаш: Концедаловым, 5 (0:1). Адамовым, 87 - пенальтикІэ (1:1).

Дагъуэ хуищІащ Кульчий, Адамовым, Васиным, Фредриксон, Гацкан, Живановичым.

Дэмэгум кьыхахуащ Васиныр.

ЕПЩЫКІУИЯНЭ джэгуГъуэр мэрем кІуам Дон Іус Ростов къыщыхэІуахащ мы зэпеуэр фІы дыдэу езыгъэкІуэкІэу «Ростов»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ». Турнир таблицэм зэкІэлъыкІуэу ельІанэ, етхуанэ увыпІэхэм щыт командхэм я унафэщІхэм кьыхуагъэува кьалэн нэхъыщхьэхэр зрагъэзэщІэным я кьару емыблэжу хущІокъу икІи ар хьарзыныгъэ кьоХъуІэ. Мы зэІущІэм ростовдэсхэм текІуэныгъэ кьыщахьмэ, налшыкдэсхэм я гъусэу ельІанэ увыпІэм зыщагъэбыдэнут. Ауэ ар икъукІэ гугъу хьунут, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, ящ зэІущІэм мыбыхэм Налшык щрагъэкІуэкІам хэгъэрейхэр бжьагъэщхуэкІэ, 5:2-уэ, щытекІуэуэ щытащ.

«Ростов»-м иджырей зэІущІэми тыншыгъуэ зэрыщІимыгъуэтынур наІуэ къэхъуащ ящ дакъикъэхэм кьыщыщІэдзауэ. ЕбгъэрыкІуэныгъэ лъэщкІэ зэпэщІэтныгъэр езыгъожьа «Спартак-Налшыкым» етхуанэ дакъикъэр екІуэкІыу бжьыгъэ кьызэІуихащ. Ящ Іыхьэм и кІэух дакъикъэхэм «Ростов»-м и гъащІэхэтыр зыбжанэрэ згъэпІейтэщ Леандрэр Дядюнрэ, ауэ ебгъэрыкІуэныгъэхэм хуэфащэн кІэух иратыфакъым.

Ансамблым и балетмейстер Нэхущ Маринэ. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

«Бахъсэн аузу» и зэфІэкІ

● Щэнхабзэ

Бахъсэн къалэ дэт ЩэнхабзэмкІэ уардэуэнм илъэс 19 хъуауэ иІэщ «Бахъсэн ауз» сабий ансамблыр. А зэманым къриубыдэу абы адыгэ къэфэкІэм зэщыщуагъэсащ районым и сабий куэдым. Ансамблым щІэх-щІэхьуэрэ и зэфІэкІ щегъэлъагъуэ республикэми, щынапхъэ зэмылІэужьыгъуэхэми, щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэм икІи сыт щІыгъуи зэпеуэм и щІыхь тхьилъхэр кьыхуагъэфащэ. Ансамблым и зэфІэкІыр зэрылъагэр - къегъэлъагъуэ абы илъэс 15 хъуауэ «щІыхуб» щІэр зэрызэрихьэм.

ИДЖЫЛАГЪЭ «Бахъсэн ауз» щІыхуб ансамблыр щыІащ Тыркум хьыкъэ Яловэ къалэм щызэхэта щэнхабзэ фестивалым икІи щІыхь тхьилъхэмрэ дамыгъэ льапІэхэмрэ кьихьри кьызэІужащ.

- Хамэ кьэрдаш щІекІуэкІ щэнхабзэ фестивалхэм илъэс зыбжанэ хъуауэ ди дыхэтщ, - жеІэ ансамблым и балетмейстер **Нэхущ Маринэ.** ИльэситІкІэ ИтатиЕм дыкІуащ, иужькІэ Яловэ къалэм щрагъэкІуэкІ щэнхабзэ фестивалым и кьызэгъэпэщакІуэ комитетым ди ансамблым игъэзащІэ кьафэхэр зытет диск яхуедгъэхьащ. Ар ягу ирихьауэ илъэси 7 хъуауэ драгъэблагъэ. Иджы дыщыкІуам махуэ 11-кІэ дыщыщІащ Тыркум. Псори зэхэту фестивалым хэтащ гуп 16. Аузэр Румынием, Польшэм, Ингушым, Шэшэным, Дагъыстаным, Косовэ, нэгъуэщІ щІыпІэхэми кьиІащ. Ди щхьэ дыщыщІхьуж хуэдэу зэхьыкъэзэрыгъэ сыхуейт ди зыкъэгъэльэгъуэгъэныгъэр а псомиefІэкІыу кьызэрыхагъэщар. Апхуэдэу мы гъэм а фестивалым хэтащ «Хэкум и хуабагъэ гуэр зыхэдвгъэщІащ», - жаІэурэ дыкьрагъэжьэжащ.

Ансамблым и унафэщІ Нэхущ Маринэ 1993 гъэ лъандэрэ Бахъсэн къалэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм щолажьэ, лъэпкъ щэнхабзэр хъумэным, зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІу. Нохущырщ «Бахъсэн ауз» - дунейпсо утыку изышар. Абы и гъэсэнхэм ящыщ зыбжанэ «Кабардинка» къэрал ансамблым кьыщофэ. И кьару емыблэжу и лэжьыгъэм зэрыпэрыгъым лапщІэ Нэхущ Маринэ кьыхуагъэфащащ КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм, Бахъсэн районым, къалэ администрацэхэм щэнхабзэмкІэ къудамэм я щІыхь тхьилъхэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

«Бахъсэн ауз» ансамблым хэтхэр Яловэ къалэм и уэрамхэм ящыщ зым ирокІуэ.

Къуныжьхэ къызолъыхъуэ

Зи гуаузр зымыІуэтэжу дунейм ехыжа си анэ Къуныжь Маржынэт Кьесын и пхуэм и фэеплъу.

● Дэ къытхуатх

СИ АНЭ Маржынэт 1915 гъэм Нартан (Кьылышбийхьэлэ) кьуажэм кьащІалъхуащ. Ар ЮрыкІ унагъуэм кьыхэкІат. И адэ Кьесын хеящІэу лажьэурэ, Октябрь революцэр къэхьеящ. И насыпти, абы лей кьытемыхьэу дунейм ехьжащ, ауэ кьыщІэна и бынхэм зыхэпсэукІэ эман гугъуэм и зэран кьеІащ. Аузэр бынунагъуэшхуэ зт. Уэркъым кьыхэкІаехэр а зэманым школым еджакІуэ ягъакІуэу щытакъым. Си анэм кьызэрыскъуІуэтэжамкІэ, и дэлъхухэр псори дашащ. Аузэр здаша щІыпІэм и пэжьпІэр ищІэртэкъым, ауэ Соловки яшауэ хуигъэфащэрт.

Си анэм и щыпхьэ нэхъыщІэ Асльижан зэрыхьыджэбз зэкІужьым гу кьыльитэри, а зэманым кьулыкъущІэшхуэ гуэрым шынагъэкІэ ишауэ щытащ. «Е кьызэдэкІуэ, е Соловки уезгъэшэнуц», - жиІэри абы Асльижан кьыхуигъуэат. Сыт ищІэнт, и щыпхьэ нэхъыжьыр (си анэр) ящ дыщинэри, дэжІуащ, ауэ дэмыпсэуфу щІэх дыдэ кьыгъэзэжащ. Си анэ щыпхьэм и ныбжьыр илъэс 16 кьудейт зэрыхьыр, зышар илъэс 60-м щхьэдэхат.

«А махуэр сыпсэуху сигу ихункьым, - жиІэрт си анэм. - Мылькуу диІэр ттрахарэ унэм тшхыни щІэмылъыжу щІхъуэм, кхъужь тІэкІу кьыпызудщ, ар факьыр» матэм испльхэри, Налшык бэ зэрыжьащ. Кьызэдихуари сымыщІэу, шууэ кьыс хуэзащ си щыпхьэр зышар (ар ди кьужьгъуэт ауэ и цІэр кьисІуэну сыхуейкъым, и щІэблэм сыт я лажьэ). «И псэм хуэдэу сыкьыльагъуэу кьызыдэкІуа уи щыпхьэр уэ къэбгъэделэри пшэжащ», - жиІэурэ щыбгъэмкІэ сыкьрихуэкІыу щІидзащ. Хьэблэ лЫжьхэм ар кьыщалъагъум, «бзылъхугъэ щыбгъэкІэ кьрахуэкІыу адыгэм ядэлпъэгъуа? Хьэрэм утщІинщ», - кьыщыжраІэм сыкьыутІыпщыжащ. Си щыпхьэр кьэкІуэжауэ сщІэтэжьам, дэ тІур дызэбгъэкІат».

Гукьыгъэжь кьыщуэзыщІа лЫр абыкІэ увыІэнт?! Асльижан кьыкІэлъыкІэщ, Іэпхльпхьэ ящІри, ари Соловки яшащ. Абы щыгъуэ си анэмэ лей кьытехьэнкІэ щынэри, унагъуэ ихьа и щыпхьуэхэм я деж гъуэрыгъуэурэ щыІащ.

Си анэ дэпхьу дашахэм зэреджэр Кьубатий рэ Барэсбийрэт. Абыхэм я с удыр щащІэм, Барэсбий иджыри багъыпІэ и уватэжьым. Судыр щекІуэжьам ар щІэпльэІущ иужьрей псалъэ кьратыну. И пльэур кьыщыхуащІэм, зэхуэсхэм абы яжриащ и адэр зэримыщІыжьымрэ кьуанщагъэ зэрыбгъэдэмыльымрэ. Абы жуэупу кьратар мыращ: «Жьыгъэ и щхьэкІэр пыбупщІу и лъабжьэр кьыхэбнэ кьунукъым. Ар зэрыщыту кьыхьымытхьмэ, кьыдджыжьнущи араш Соловки ущІедгъэшэнум и щхьэусыгъуэр».

А зэманым ди адэ-анэр зэхуэззэри я гъащІэр зы ящІауэ щытащ. Си анэр кьызыхэкІа лъэпкъым и кьекІуэкІыкІам теухуауэ сэр фІэкІ нэгъуэщІым зыри жриІэнутэкъым. Абы нэпсщитхьэкІуу и Іыхьлыхэм я гугъу кьысхуащІыжьырт. Си анэр 1987 гъэм ліащ. Кьыдалъхуахэмрэ и Іыхьлыхэмрэ хей зэращІыжар зэримыльагъужар нобэми си гукъуэгущ. Ар и Іыхьлы дыдэхэм ящыщу зыми Іумыплъэжу, а г уауэр псэкІэ игъэву дунейм ехьжащ. АпхуэдизкІэ абы и гур зэщагъэуати, кьыщыхуа Нартан кьуажэм зэм дыхьэжакъым.

ПшІэ зыхуэсщІ, фІыуэ сльагъу «Адыгэ псалъэ» газетыр кьэзгъэсэбэпу Нартан кьуажэм дэс Кьуныжь лъэпкъым кьыхэкІаехэм лъэІукІэ зыфхуэзгъэзэну сыкуейт - си адэшхуэ Кьуныжь Кьесын мыгъуэм кьытехьукІыжа нартандэсхэм кьыфхэтмэ, дызэкІэлъыкІуэмэ си гуапэу си деж фыкьызогъэблагъэ. Апхуэдизхэр мы телефонымкІэ фыкьызэпсэльэну сыныволъэІу: **8-928-708-96-74.**

ГЪУКІЭ Мару з.
Зеинкъуэ кьуажэ.

«Нарт-ТВ»-р пыфщІэну фыхуеІ?

«Юг-Сайт» ООО-м ещэ, егъэув спутник антеннэкІэ. Апхуэдэу мыбы пхупащІэнущ «Нарт-ТВ» адыгэ каналыр - жэщми махуэми сыхьэт 24-кІэ лажьэр.

Ди хэщІапІэр: Налшык къалэ, Кулиевым и ЩэрАм, 18, «Эльдорадо» тыкуэн, 2-нэ къат. **Телефоныр:** 40-22-95.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **ЖЬХЭМЫХЬУ Мариндэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжькъаръ Алик.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуэнэ - ешІэнэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, щылъагъэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхугъащ1эхэм я дэлажьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ писымэхмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхугъащ1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэр кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщащІэта Іуэхугъэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ельыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынкІи щІэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІныгъэхэмкІэ и управлением.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыпымкІ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лъагэгъэхэм я 16-м №ІІ-0065-м щІэту ятхащ.

Зы нэхъыщ тиражыр 25-рэ ящІыкІ.

1905 гъэм щыІэ Революцэм и щІэр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэмъахэщ: жэуап зыхь секретарь **Гъурыжь Мадинэ,** редактору **Баиэ ФатІимэ,** корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІныкъуэгъу **Иуан Заирэ.** *КомпьютерыІэ газетым и тепльэр ящІам* **Дол Маринэ, ГъукІэлІ Расуэ,** *сурэтхэм елэжьар* **ЖьхэкІэмыхьу Маринэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №2362